ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№120 (24.870) • 2025 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 4, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ •



# Къэрал, щІыналъэ Іуэхухэм топсэлъыхь

**Къэбэрдей-Балъкъэрым лэжьыгъэ Іуэхукlэ къэкlуащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лlыкlуэу КИФЩІ-м щыІэ Чайкэ Юрий. КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек и напэкlуэцlым щытепсэлъыхьащ абыхэм я зэlущlэр зэрекlуэкlам.**

«РЕСПУБЛИКЭМ и экономикэ-жылагъуэ гъащlэмрэ политическэ щытыкlэмрэ зыхуэдэм дытепсэлъыхьащ Юрий Яков и къуэмрэ сэрэ. Нэхъыбэу зи гугъу тщlар дзэ Іуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ зэрызащlэдгъакъуэ щlыкlэрщ».

КІуэкІуэ Казбек полномочнэ лlыкlуэр щыгъуазэ ищlащ республикэм и макроэкономикэм блэкla мазибгъум зэрызихъуэжам. КъБР-м и бюджетым иlэ хэхъуэр а пlалъэм къриубыдэу меларди 2,9-м нэсащ. Ар илъэс блэкlам елъытауэ процент 19-кlэ нэхъыбэщ.

ЩІышылэ - фокlадэ мазэхэм къриубыдэу, туристхэм я бжыгъэр мелуан 1,5-м нэсащ, ар илъэс блэкlам елъытауэ проценти 5-кlэ нэхъыбэщ. Тырныауз ятlэпс къызэрыщехар и щхьэусыгъуэу, а бжыгъэр игъэмэщlащ. КІуэкІуэ Казбек Чайкэ Юрий щыгъуазэ ищlащ гъуэгухэми абыхэм пэгъунэгъу Іуэхущlапlэхэми ятlэпсыр зэрытрагъэбзыкlыжам. Зэраныгъэ зыгъуэта кlэнауэр зэрагъэпэщыж иджыпстукlэ, кlэнауэщlэм и проектым йолэжь. Къинэмыщlауэ, Іэщlагъэлlхэр зэхуоплъ, а щlыпlэр хъурейуэ къэзыкlухь гъуэгуитlым я проекткэм дэтхэнэр нэхъыфlу щытми.

КІуэкІуэ Казбек Чайкэ Юрий фlыщlэ хуищlащ республикэр и гулъытэ зэрыщимыгъащlэм, сыт и лъэныкъуэкlи чэнджэщэгъурэ щlэгъэкъуэнрэ къызэрыхуэхъум папщlэ.

## КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Егъэджакlуэхэм я махуэм хуэгъэза и хъуэхъу

Къэбэрдей-Балъкъэрым и егъэджэныгъэ ІэнатІэм и лэжьакІуэхэу, и ветеранхэу пщІэ зыхуэсщІхэ!

Фи ІэщІагъэм хухаха ЕгъэджакІуэм и махуэмкІэ гурэ псэкІэ сынывохъуэхъу!

ГъэсакІуэм и пщІэм мыхьэнэ щхьэхуэ щиІэщ ди цІыхубэм я деж. Фэ къыхэфхащ къалэн лъапІэкІэ гъэнщІа ІэщІагъэ къызэрымыкІуэ. Фэращ, егъэджакІуэхэмрэ гъэсакІуэмрэщ, еджакІуэхэм щІэныгъэ езытыр, дэтхэнэ зыми къызыхуигъэщІа ІэщІагъэр къезыгъэгъуэтыжыр, жэуаплыныгъэ зыхэлъ, зи Хэкур фІыуэ зылъагъу цІыху ди къэралышхуэм хуэзыгъэсэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым зи ІэщІагъэм хуэІэижь егъэджакІуэ зэчиифІэ куэд щолажьэ, еджакІуэхэр гурэ псэкІэ фІыуэ ялъагъуу, абыхэм цІыху нэгъэса, хэкупсэ нэс къахэкІын папщІэ ялъэкІ къамыгъанэу. ФІыщІэ фхузощІ уасэ зимыІэ фи ІэщІагъэ лъапІэм фызэрыхуэпэжым, абы гу къабзагъэу хэфлъхьэм папщІэ.

Егъэджэныгъэ ІэнатІэм зыщІэгъэкъуэныр дяпэкІи япэ идгъэщ Іуэхуу щытынущ ди дежкІэ. Жыджэру абы лъэныкъуэ псомкІи зедгъэужьынщ, ди сабийхэм щІэныгъэ куу ягъуэтын папщІэ, Іэмал псори яІэн хуэдэу. Шэч хэмылъуи, ІэщІагъэм и пщІэм, егъэджакІуэм хуащІ гулъытэм зэрыхэдгъэхъуэнми иужь дитынущ.

Узыншагъэ быдэ, ехъулІэныгъэ, ефІэкІуэныгъэ фиІэну гурэ псэкІэ сынывохъуэхъу.

Угъурлы фхухъу ЕгъэджакІуэм и махуэр!

### Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыхьыцІэхэр яфІэщыным и Іуэхукlэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и егъэджэныгъэ ІэнатІэм илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрыщылажьэм, къытщІэхъуэ щІэблэр гъэсэным икІи егъэджэным я Іуэхум хэлъхьэныгъэ ин зэрыхуащІам папщІэ щІыхьыцІэхэр яфІэщын:

**«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ»**

**Шэрий Мадинэ Аслъэнбий и пхъум** - Налшык къалэ округым «Зэхуэдэ курыт щІэныгъэ щрагъэгъуэт и школ №27» муниципаьнэ кІэзонэ ІуэхущІапІэм и унафэщІым,

**«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и егъэджакІуэ»**

**Бырсекъуэ Анзор Хьэбил и къуэм** - Бахъсэн мунциипальнэ районым щыІэ Кыщпэк къуажэм «КІуэкІуэ В.М. и цІэр зезыхьэ зэхуэдэ курыт щІэныгъэ щрагъэгъуэти школ» муниципальнэ кІэзонэ ІуэхущІапІэм физическэ щэнхабзэмкІэ и егъэджакІуэм,

**Корнеевэ Ольгэ Иван и пхъум** - Налшык къалэ округым «Зэхуэдэ курыт щІэныгъэ щрагъэгъуэт и школ №25» муниципальнэ кІэзонэ ІуэхущІапІэм урысыбзэмрэ литературэмкІэ и егъэджакІуэм,

**Соттаевэ Лидие Ботэщ и пхъум** - Налшык къалэ округым «Зэхуэдэ курыт щІэныгъэ щрагъэгъуэт и школ №20» муниципальнэ кІэзонэ ІуэхущІапІэм балъкъэрыбзэмрэ литературэмкІэ и егъэджакІуэм.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2025 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м*
*№105-УГ*

# «Хэкум и хъумакlуэхэм я Кубок»-р къызэlуах

**Налшык къалэм дыгъуасэ щызэхуэсащ «Хэкум и хъумакlуэхэм я Кубок» зэхьэзэхуэм хэтынухэр. Дзэ Іуэху хэхам и ветеран 70-м нэблагъэ Кавказ Ищхъэрэм и щІыналъэ псоми къикlри къытхуеблэгъащ. Жэпуэгъуэм и 3-м къыщыщlэдзауэ 6 пщlондэ екlуэкlыну зэпеуэр Іэтауэ къыщызэlуахащ «Гладиатор» спорт ІуэхущlапІэм.**

ИПЭ зидгъэщу къыхэдгъэщынщи, мы Іуэхур къызэрагъэпэщащ «Хэкум и хъумакlуэхэр» къэрал фондым, Урысейм и Паралимп комитетым, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм. КъБР-м СпортымкІэ и министр Хьэсанэ Ислъам къызэрыджиlамкlэ, махуищкlэ лlыхъужьхэр зэхьэзэхуэнущ шэ, шабзэ гъэуэнымкlэ, сэ дзынымкlэ, волейболымкlэ, пауэрлифтингымкlэ, стlол теннисымкlэ. Ар спорт зэхьэзэхуэ къудейуэ щытынукъым, атlэ лlыхъужьыгъэм, хахуагъэм, сыт хуэдэ гъэунэхуныгъэми ди щlалэхэр зэрыпхыкlыфым я нэщэнэ хъунущ.

Дагъыстэным, Ингушым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Осетие Ищхъэрэ-Аланием, Ставрополь щlыналъэм, Шэшэным, Къэбэрдей-Балъкъэрым я къэрал ныпхэр утыкум кърахьащ республикэхэм я лlыхъужьхэм. Ди щlыналъэм а пщlэр хуагъэфэщащ дзэ Іуэху хэхам и лlыхъужь, дзэ зэпэщlэтыныгъэхэм я ветеран, «Хахуагъэм папщlэ» медалым и етlуанэ нагъыщэр зрата Хъалил Аслъэн.

Зэхьэзэхуэр къызэlузыхахэм хьэщlэ лъапlэхэр яхэтащ: УФ-м и Президентым и полномочнэ лlыкlуэу КИФЩІ-м щыlэ **Чайкэ Юрий**, КъБР-м и Іэтащхьэ **КІуэкІуэ Казбек**, Урысейм и Паралимп комитетым и президент, Урысейм щlыхь зиlэ и тренер **Рожков Павел**, «Хэкум и хъумакlуэхэр» къэрал фондым и гъэзэщlакlуэ унафэщl **Хабров Юрий**, бэнэкlэ хуитымкlэ олимп чемпион, Урысейм и Олимп комитетым и президентым и чэнджэщэгъу, Спортсменхэм я Урысей зэгухьэныгъэм и унафэщl **Мусульбес Давид**, Урысейм Спортымкlэ и министерствэм щlыналъэ зыужьыныгъэмкlэ и къудамэм и унафэщl **Хьэх Алим**, СВО-м хэта, дзэ зэпэщlэтыныгъэхэм я ветеран **ПщІыхьэщlэ Ахьмэд**.

Къызэхуэсахэм видеозэпыщlэныгъэкlэ фlэхъус псалъэ къажриlащ «Хэкум и хъумакlуэхэр» къэрал фондым и унафэщl Цивилевэ Аннэ.

«Хэкум и хъумакlуэхэм я Кубок»-м папщlэ зэхьэзэхуэнухэм захуигъэзащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лlыкlуэу КИФЩІ-м щыlэ Чайкэ Юрий: «Нобэ, сыт щыгъуи хуэдэу, хьэщlагъэшхуэ къыщыдах Налшык къалэм къыщызэхуэсащ лlыхъужь нэсхэр, цlыху къэмыланджэжхэр, хахуагъэ, пщlэ жыхуэтlэхэм я мыхьэнэр зыхэзыщlэхэр. Дэтхэнэми фи лlыгъэр, Хэкум фызэрыхуэпэжыр дзэ Іуэху хэхам къыщывгъэлъэгъуащ. Ди фlэщ мэхъу фи зэфlэкlхэр пщlэ пылъу мы зэхьэзэхуэхэми къыщывгъэлъэгъуэну. «Хэкум и хъумакlуэхэм я кубок» зэпеуэр ди лlыхъужьхэм зэрызащlэдгъакъуэ Іуэху зэмылlэужьыгъуэ куэдым язщ. Мы зэманым къэралым щытхузэфэкlащ ветеранхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ сыт и лъэныкъуэкlи дэlэпыкъуэгъу дазэрыхуэхъунур щызэтедублэну. Ар ди къалэн нэхъыщхьэ дыдэу къытхуигъэлъэгъуащ УФ-м и Президент Путин Владимир. Узыншагъэ быдэ фиlэну, фи мурадхэм фылъэlэсыну си гуапэщ».

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек УФ-м и Президентым и полномочнэ лlыкlуэу КИФЩІ-м щыlэм, «Хэкум и хъумакlуэхэр» къэрал фондым, Урысейм Спортымкlэ и министерствэм фlыщlэ зэрахуищlыр жиlащ, мыхьэнэшхуэ зиlэ Іуэхур Къэбэрдей-Балъкъэрым щрагъэкlуэкlыну къызэрыхахам папщlэ. «Ди хьэщlэ лъапlэхэ! Ди гуапэу фыкъыдогъэблагъэ ди щlыналъэм. Ди лlыхъужьхэм фи къаруи узыншагъи фемыблэжу Хэкур хъумэным теухуауэ къалэнышхуэ вгъэзэщlащ. Аращ хахуагъэ жыхуаlэр, икlи Урысей Федерацэм и цlыхубэм фlыщlэшхуэ къыфхуащl. Мыпхуэдэ зэпеуэхэр егъэкlуэкlыныр жэрдэмыфlщ, абыхэм псори дызэкъуагъэувэ. Ноби Хэкум Іуэхушхуэ хувощlэ, къыдэкlуэтей щlэблэм щапхъэ фахуохъури. Си дежкlэ псори фытекlуагъэххэу къызолъытэри, фи къарур адэкlи мыкlуэщlыну, гукъыдэж, ехъулlэныгъэщlэхэр фиlэну сынывохъуэхъу».

Хьэх Алим къеджащ УФ-м спортымкlэ и министр, Урысейм и Олимп комитетым и президент Дегтярёв Михаил къигъэхьа фlэхъус тхыгъэм.

Рожков Михаил жиlащ я къалэн нэхъыщхьэр СВО-м ныкъуэдыкъуагъэ щызыгъуэта щlалэхэр паралимп зэгухьэныгъэм хашэным, зи узыншагъэм къимыхьхэм ятеухуа спортым зегъэужьыным, абыхэм я щапхъэмкlэ щlалэгъуалэр хэкупсэу къэгъэхъуэным зэрепхар.

- Урысейм и спорт гъащlэм мыхьэнэшхуэ щызиlэ Іуэху нобэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щокlуэкl. Нэгъабэ «Хэкум и хъумакlуэхэм я кубок»-м хыхьэу Кавказ Ищхъэрэм япэу зэхьэзэхуэхэр щедгъэкlуэкlауэ щытащ. А зэманым къриубыдэу фи зэфlэкlми хэвгъэхъуащ, икlи долъагъу ффlэгъэщlэгъуэну фи щlыналъэхэм я гуп къыхэхахэм фызэрыхыхьэр. Сызэрыщыгъуазэмкlэ, мы зэманым дзэ Іуэху хэхам хэта щlалэ 500-м нэблагъэ зи гугъу сщlы гупхэм хыхьащ. 30-м нэблагъэ къэралым и гуп къыхэхахэм хэтщи, абыхэм ящыщ куэд хунэсащ ехъулlэныгъэхэр зыlэрагъэхьэну. Жысlэнуращи, дэтхэнэми адэкlэ зэрызывужьынумкlэ дэlэпыкъуэгъу дыфхуэхъунущ, - жиlащ хьэщlэм.

Абы дыщlигъуащ «Хэкум и хъумакlуэхэм я кубокыр» Къэбэрдей-Балъкъэрым щрагъэкlуэкlыну ауэ сытми къызэрыхамыхар, республикэм зи узыншагъэм сэкъат иlэхэр спортым хэшэнымкlэ лэжьыгъэшхуэ зэрыщрагъэкlуэкlыр къызэралъытар.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

# Псом нэхърэ нэхъапэр шынагъуэншагъэрщ

**УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэ Чайкэ Юрий видеоконференц IэмалкIэ иригъэкIуэкIащ шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным, Iулъхьэм пэщIэтыным, къэрал хабзэр КИФЩI-м къызыхуэтыншэу зэрыщагъэзащIэм теухуа зэIущIэ. Абы и лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.**

ЗЭХУЭСЫМ щытепсэлъыхьащ цIыхубэри щыпIэхэри щIыуэпс къэхъукъащIэмрэ зэрымыщIэкIэ къэхъу гузэвэгъуэхэмрэ щыхъума хъун, цIыхубэ гъащIэр шынагъуэншэу екIуэкIын, экстремизмэмрэ терроризмэмрэ я щхьэр къамыIэтын папщIэ, зэфIэгъэкIын хуей Iуэхухэм.

Чайкэ къыхигъэщащ гъэзэщIакIуэ органхэмрэ щыпIэ администрацэхэмрэ набдзэгубдзаплъэу зыхъумэжыныгъэм телажьэ, жылагъуэм хъыбар ялъэзыгъэIэс Iэмэпсымэхэм якIэлъыплъын зэрыхуейм, Iуэхущ IапIэ псоми я лэжьыгъэр зэрызэрагъэуIупхъэм. ЗэIущIэм ипкъ иткIэ Чайкэ Юрий унафэ щхьэхуэхэр ищIащ.

# ЛIыхъужьхэм яIуощIэ



**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек жэпуэгъуэм и 2-м яIущIащ дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ ветеранхэмрэ папщIэ къызэрагъэпэща «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЛIыхъужьхэр» егъэджэныгъэ Iуэхум пхыкIахэм.**

ЗЭХУЭСЫМ хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий, депутатхэр, щIыналъэ унафэщIхэр, министрхэр, районхэм я щIыпIэ администрацэхэм я лIыкIуэхэр.

Егъэджэныгъэ Iуэхур зытеухуар лIыхъужьхэр къэкIуэжмэ, IэнатIэ егъэгъуэтынырщ, къэрал политикэмрэ къэрал унафэр зэрызрагъэакIуэмрэ хэгъэгъуэзэнырщ. Абы хэтынухэр мазэ зыбжанэкIэ къыхахащ, япэ гупым хэхуащ цIыху 31-рэ. Абыхэм я егъэджэныгъэр Iыхьиплу гуэшауэ щытынущ, япэр фокIадэм и 27-м щегъэжьауэ жэпуэгъуэм и 3 пщIондэ екIуэкIащ.

- Хэкур хъумэн хуей щыхъум, абы зыпэщIэвгъэкъуэн фIэкIа фэ нэгъуэщIым фегупсысакъым икIи икъукIэ лэжьыгъэшхуэ зэфIэвгъэкIащ, - захуигъэзащ къызэхуэсахэм КIуэкIуэ Казбек. - Дзэ Iуэху хэхам хэтхэр дэ ди лIыхъужьщ, къэралым фызэрыхуэпэжыр фи гуащIэкIэ къэвгъэлъэгъуащ. Ди къалэну къызолъытэ нобэ фи зэфIэкIым хывэдгъэгъахъуэу, къэрал, муниципальнэ IэнатIэхэм фыхуэдгъэхьэзырыныр. Дыхуейщ къэвгъэзэжа нэужь, жылагъуэ гъащIэм фыхэтшэну, цIыхубэм я сэбэп зыхэлъыр мыбдежи щыфхъумэну. Апхуэдэуи дыфщогугъ щIыналъэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ хуэфщIынымкIэ. Апхуэдэ пщэрылъхэр къытщищIащ Урысейм и Президент Путин Владимир.

КъБР-м и Iэтащхьэм къыхигъэщащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и ЛIыхъужьхэр» щIыналъэ программэр «ЛIыхъужьхэм я лъэхъэнэ» президент Iуэхум пызыщэ лэжьыгъэу зэрыщытыр. «Мы егъэджэныгъэм хэтхэм я гъэсакIуэхэм деж къыщащIэнущ нобэ къэрал унафэр зэрызэрахьэ щIыкIэр. Апхуэдэ дыдэуи си фIэщ мэхъу, ди республикэм, къэралым я щыIэкIэ-псэукIэм теухуауэ СВО-м хэт ди щIалэхэмрэ ветеранхэмрэ я еплъыкIэр зыхуэдэр езы гъэсакIуэхэми зэрафIэгъэщIэгъуэнынур, - пищащ КIуэкIуэм. - Дауи, мыр дэркIэ IуэхущIэщи, абы и Iэмалхэр дяпэкIи едгъэфIэкIуэну ди мурадщ. Мыбдеж мыхьэнэшхуэ иIэу къызолъытэ фэ езым фи Iуэху еплъыкIэри къыдэвгъэщIэным. Зэгъусэу дызэдэлажьэмэщ ар къыщыдэхъулIэнур, сэбэп пылъу къыщытхуэгъэсэбэпынур. ТекIуэныгъэ яIэу дэтхэнэ ди щIалэри къэкIуэжыну ди плъапIэщи, зэрыхъукIэ зыфщIэдгъэкъуэнущ. Мы егъэджэныгъэр дэIэпыкъуныгъэ щыIэхэм я зы Iэмалу аращ, дыхуейщ фхуэфащэ лэжьыгъэрэ IэнатIэрэ вгъуэтыну. ЗэрыжысIащи, адэкIи абы теухуауэ дылэжьэнущи, лъагапIэ фызыщIэхъуэпсхэр къывэхъулIэну ди гуапэщ. ФIыщIэшхуэ фхудощI дзэ Iуэху хэхам хэт дэтхэнэ зауэлIми».

ЛIыхъужьхэм республикэм и Iэтащхьэм упщIэкIэ зыхуагъэзэну Iэмал щратым, къыхагъэщащ иужьрей илъэсипщIым республикэм зэрызиужьар зэралъагъур, абы щхьэкIэ щIыналъэ унафэщIхэм фIыщIэ зэрыхуащIыр. «Хэку дызыщыпсэум и гъащIэр зэпIэзэрыту зэрыщызэтеубларщ дэ дыкъызыкъуэгушхукIыр. Абы къыхэкIыу къэрал унафэщIхэм фIыщIэ фхудощI», - жиIащ зы лIыхъужьым. КIуэкIуэ Казбек абы и псалъэм пищэу, гулъытэншэу къигъэнакъым, щIыналъэр бэуIуIэIуншэу, къызыхуэтыншэу псэуным япэ ита нэхъыжьхэм хуащIа хэлъхьэныгъэр, абыхэм яхузэфIэкIар ягъэбэгъуэным иджы езыхэр иужь иту зэрыарар.

ЛIыхъужьхэр щIэупщIащ республикэм и Iэтащхьэм гъуэгугъэлъагъуэ хуэхъуам. «Сэ сызэреплъымкIэ, дэтхэнэ цIыхури псом япэу зыдэплъейр и адэ-анэращ. Ди адэм сыт щыгъуи зым дыщIипIыкIащ: цIыхур фIыуэ лъагъун зэрыхуейм. А хьэлыфIыр фэ дэтхэнэ зыми фхэлъу къызолъытэ, сыту жыпIэмэ, Хэкур, цIыхубэр фхъумэну фыкIуауэ аращ. Сыт хуэдэ IэнатIэ уIутми, щIыналъэ Iэтащхьэу ущытми, механизатор ахъырзэману, дэрбзэр Iэзэу улажьэми, узыпэрытым уи псэ хэплъхьэмэ, ар къэкIуэну щIэблэм къащхьэпэжынущ», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

ЩIалэгъуалэм зрагъэужьыным хуэгъэзауэ щIыналъэм щызэфIагъэкIым и гугъу щащIым, республикэм и Iэтащхьэм жиIащ лъэпкъ Iуэхухэм къыщыгъэлъэгъуахэр ягъэзэщIэным хыхьэу, къэралыр къыдэкIуэтей щIэблэм дэIэпыкъуэгъу зэрыхуэхъу лэжьыгъэшхуэ иужьрей илъэситхум зэрекIуэкIар. АбыкIэ щапхъэу къихьащ Налшык къалэм дэт ЩIалэгъуалэм и Унэм щекIуэкI лэжьыгъэр. «ЩIэблэщIэ къыдэкIуэтейр хэкупсэу къэхъун, абы зиужьыфын папщIэ мы зэманым къэралым зэфIигъэкIыр куэд мэхъу. 2025 гъэм и кIэм дэ ди мурадщ илъэс псокIэ лэжьэну «Эльбрус» щIалэгъуалэ лагерышхуэр къызэIутхыну. ЩIалэгъуалэр ди хабзэфIхэм щIэтпIыкIынырщ псом япэу дызэгугъур».

ЩIалэхэм КъБР-м и Iэтащхьэм фIыщIэ хуащIащ дзэ Iуэху хэхар здекIуэкI щIыпIэм щыIэхэм яIущIэну ар зэрыкIуам папщIэ, къыхагъэщащ ар гуапэу ягу зэрилъыр.

ЗэIущIэм щыжаIахэр къызыщыщIикъуэжым, КIуэкIуэ Казбек къыхигъэщащ: «ЩIалэгъуалэр дымыгъасэмэ, сыт хуэдэ къэкIуэн иIэнур къэралым?! Нобэ гулъытэ щхьэхуэ хуэтщIын хуейщ бынунагъуэхэм. Нэхъыбэ дызэрыхъун, ди пщэдейр къызыфIэIуэху цIыхубэ къэтIэтын, узыншагъэр тхъумэн - ахэращ тегъэщIапIэу диIэн хуейр. Медицинэ Iэмалхэр едгъэфIэкIуэныр къытпэщылъщ. Сымаджэ хъуным нэдмыгъэсу, узыфэр къэтхутэу, цIыхур зыкIэлъыдгъэплъыжыфу зэтедухуапхъэщ. Ауэ зи гугъу сщIахэр къыдэхъулIа нэужь, абыхэм щIэныгъэ ящIымыгъужмэ, абы щыгъуэми дыкIуэтэнукъым. Егъэджэныгъэ IэнатIэми Iэмал имыIэу зедгъэужьыпхъэщ. Пэжщ, абы и лъэныкъуэкIи ехъулIэныгъэхэр диIэщ. Къэбгъэлъагъуэмэ, иужьрей илъэсихым кърииубыдэу республикэм курыт школ 25-м нэблагъэ щыдухуащ, пщIы бжыгъэхэр зэдгъэпэщыжащ. АдэкIэ егъэджакIуэхэм защIэдгъэкъуэныр, дгъэгушхуэныр зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым. Ди къарур зыхэлъыр лъэпкъхэм ди зэкъуэтыныгъэращ, дызэкъуэту ипэкIэ дызэрыкIуэтэнырщ къалэн зыщытщIыжын хуейр».

Егъэджэныгъэ Iуэхум хыхьэу, КъБР-м ЩIалэгъуалэм и IуэхухэмкIэ, Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэхэмрэ «Пашэхэм я зэщIэхъееныгъэ» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэмрэ я дэIэпыкъуныгъэкIэ «Унагъуэм и махуэ» Iуэхур къызэрагъэпэщри, лIыхъужьхэм Iэмал яIащ я щхьэгъусэхэр, бынхэр, я благъэ-Iыхьлыхэр я гъусэу нэгузыужь зэмылIэужьыгъуэхэми хэтыну.

«Къэбэрдей-Балъкъэрым и ЛIыхъужьхэр» Iуэхур ягъэзащIэ КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм, «Эльбрус» университетым, РАНХиГ Президент академием къэрал зехьэкIэмкIэ и школ нэхъыщхьэм, «Россия - страна возможностей» IуэхущIапIэмрэ «Хэкум и ХъумакIуэхэр» фондым и щIыналъэ къудамэмрэ я дэIэпыкъуэгъуу.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

# ЯхузэфIэкIар къапщытэж

**УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Хуснуллин Марат ЩIыналъэхэм зегъэужьынымкIэ комиссэм и зэIущIэ иригъэкIуэкIащ видеоконференц IэмалкIэ. Абы и лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.**

ЗЭIУЩIЭМ щытепсэлъыхьащ 2025 гъэм лажьэ «Ухуэныгъэ» къэрал программэр гъэзэщIа зэрыхъум, цIыху щыпсэуным хухэха унэхэмрэ абы хуэмыщIахэмрэ зэратым и псынщIагъым. БлэкIа мазийм и кIуэцIкIэ щIыналъэ зыбжанэм зэдай бюджетыр къызарэгъэщхьэпа щIыкIэми и гугъу ящIащ.

КъинэмыщIауэ, инфраструктурэм зрагъэужьын мурадкIэ, кIэзонэ мылъкум къыхэкIыу кредит зратынухэм хиубыдэн папщIэ, щIыналъэхэм къабгъэдэкIа лъэIу тхылъхэм тепсэлъыхьащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым псэупIэхэм я ухуэныгъэр щIэгъэхуэбжьауэ щокIуэкI. ЩIышылэмрэ шыщхьэуIумрэ я зэхуакум кърииубыдэу республикэм щаухуащ метр зэбгъузэнатIэ мин 411,3-м нэс. Ар илъэс блэкIам яхузэфIэ- кIам елъытауэ, проценти 102,1-рэ мэхъу. А бжыгъэм хеубыдэ ухуэныгъэм елэжь IуэхущIапIэхэм фэтэр куэду зэхэт унэ 23-рэ зэраухуар, фэтэр 1007-рэ къызэщIиубыдэу. Унагъуэхэм я щхьэм хуаухуэжащ унэ 2260-рэ.

Республикэм Ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министерствэм къызэритымкIэ, блэкIа мазибгъум кърииубыдэу псэупIэхэу ящIар метр зэбгъузэнатIэ мин 457,5-м нос, ар 2024 гъэм елъытауэ, проценти 100,8-рэкIэ гъэзэщIа хъуащ.

# «Эрпак»-м и лэжьыгъэм зыщагъэгъуазэ

**КъБР-м и Парламентым ПромышленностымкIэ, транспортымкIэ, связымрэ гъуэгу IуэхухэмкIэ и комитетым и жэрдэмкIэ, депутатхэр иджыблагъэ щыIащ Джэрмэншык дэт «Эрпак» заводым. Ахэр тепсэлъыхьащ тхылъымпIэхэкIхэм зэрелэжь щIыкIэм Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрызыщиужьым.**

IУЭХУМ хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ Жанатаев Салим, депутатхэр, республикэм и министерствэхэмрэ IуэхущIапIэхэмрэ я лIыкIуэхэр.

- Мыбдеж щытлъэгъуащ тхылъымпIэжьхэр къызэрыщыIахым къыщыщIэдзауэ къыщIагъэкIыр хьэзыр зэрыхъум щыщIэкIыжу. Нэхъ гукъинэж тщыхъуар етIуанэу зэлэжьыжхэм я куэдагъырщ. Мэзхэр хъумэным, щIыуэпсым и къабзагъэм кIэлъыплъыным ар хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIщ, - жиIащ Жанатаевым. - Къыхэзгъэщыну сыхуейт заводым и унафэщIхэми лэжьакIуэхэми мы Iуэхум гуащIэшхуэ зэрырахьэлIэр. Абы щыгъуэми заводым жыджэру зеужь: мазэ зыбжанэ дэкIмэ, иджыри цехыщIэ къызэIуихынущ. Ар экономикэмкIэ щIэгъэкъуэныфIщ, бюджетым къыхуихьыну хэхъуэр, лэжьакIуэ нэхъыбэ къызэрыришэлIэнур къэплъытэмэ.

КъБР-м и Парламентым ПромышленностымкIэ, транспортымкIэ, связымрэ гъуэгу IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI Къалмыкъ Марат жиIащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек республикэм и хабзэубзыху IуэхущIапIэм Зэрызыхуигъэзам гулъытэшхуэ зэрыщыхуищIар щIыналъэм и промышленностым зегъэужьыным.

- ТхылъымпIэрэ картонрэ къыщIэзыгъэкI «Эрпак» заводыр Кавказ Ищхъэрэм щынэхъ ин дыдэхэм ящыщщ, апхуэдэу абы и закъуэщ дэ диIэр. Ар сэбэпышхуэ мэхъу щIыналъэм и щIыуэпсыр хъумэнымкIэ, - къыхигъэщащ къэпсэлъам.

КъБР-м промышленностымкIэ, энергетикэмрэ сатумкIэ и министрым и къуэдзэ КIарэ Эльдар къыхигъэщащ зи гугъу ящI заводыр 2001гъэм къызэрызэрагъэпэщар, ар мы зэманым республикэм и IуэхущIапIэ нэхъ инитхум зэращыщыр. Абы сом мелардрэ ныкъуэм щIигъу и уасэ къыщIегъэкI. Къэпсэлъам зэрыжиIамкIэ, къэралым целлюлозэ-тхылъымпIэ Iуэхум епхауэ гугъуехьхэр зэрыщыщыIэм емылъытауэ, «Эрпак»-м ехъулIэныгъэфIхэр иIэщ. Апхуэдэу блэкIа илъэсым заводым и хэхъуэр процент 20-м щIигъуащ.

- Промышленность псынщIэм епха IуэхущIапIэхэм псоми зэхэту къыщIагъэкI сом мелард 20-м щIигъу, абы щыщу проценти 7 - 8-р тхылъымпIэм елэжьыным иIыгъщ, - жиIащ КIарэм.

Ар къытеувыIащ щIэныгъэ зиIэ IэщIагъэлIхэм я бжыгъэр хэгъэхъуэн, нэгъуэщI щIыналъэхэмрэ къэралхэмрэ щыщу зи мылъку ди экономикэм къыхэзылъхьэн щыIэххэмэ, тегъэгушхуэн зэрыхуейм. КъытеувыIащ республикэм лъэпкъ Iуэхухэр зэрыщагъэзащIэми.

ЗэIущIэм къызэрыщыхагъэщамкIэ, мы зэманым ягъэбелджылащ ЩэкI фабрикэрэ Агропаркрэ щаухуэну щIыпIэхэр.

«Эрпак» заводым и лэжьыгъэм нэхъ купщIафIэу къызэхуэсахэм яхутепсэлъыхьащ IуэхущIапIэм и унафэщI Ерчэн Хъусен. Абы зэрыжиIамкIэ, мы зэманым лэжьакIуэ 280-м щIигъу яIэщ. Заводым къыщIигъэкIыр къагъэсэбэп промышленнэ, мэкъумэш IэнатIэхэм, апхуэдэуи республикэми Урысейм и нэгъуэщI щIыналъэхэми я сату IуэхущIапIэ зэхуэмыдэхэм ящэху. Иджыпсту Нарткъалэ ухуэныгъэ щрагъэкIуэкI. Фабрикэр иджырей IэмэпсымэхэмкIэ къызэрагъэпэщынущ, лэжьыгъэр цIыхухэм нэхъ тынш щащIын хуэдэу. Ерчэным зэрыжиIэмкIэ, абы Iэмал къаритынущ къыщIагъэкIым и бжыгъэм хагъэхъуэнуи лэжьакIуэхэм я улахуэр къэIэтынуи. «Эрпак» IуэхущIапIэм и зэфIэкIыр мызэ-мытIэу утыку къыщрихьащ щIыналъэ, федеральнэ гъэлъэгъуэныгъэхэм.

ЗэIущIэм хэтахэр тепсэлъыхьащ Урысейм къыщыщIагъэкI Iэмэпсымэхэр къэзыщэху IуэхущIапIэхэм трагъэкIуэдар зэрыратыж щIыкIэм, къэралыр хьэрычэтыщIэхэм зэрадэIэпыкъум, нэгъуэщI куэдми.

***КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.***

КъБР-м Бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связымрэ цIыхубэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и министерствэр, «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэр, КъБР-м и Журналистхэм я союзыр, «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Горянка», «Советская молодежь» газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Iуащхьэмахуэ», «Минги Тау», «Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм я редакцэхэр, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК, «КъБР-инфо» хъыбарегъащIэ агентствэм, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм я лэжьакIуэхэр «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Жыласэ Заурбэч Щэлэуат и къуэм** хуогузавэ абы и къуэш **Жыласэ Аслъэнбэч Щэлэуат и къуэр** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.



# ЩIалэгъуалэр ямыгъэжэкъуэныр псом япэщ

**ЩIалэгъуалэр экстремизм, терроризм гупсысэхэм пэIэщIэ щIыным теухуауэ Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм я зэхыхьэшхуэ иджыблагъэ Налшык къалэм махуищкIэ щекIуэкIащ. КИФЩI-м и лIыкIуэу 100-м нэблагъэ абы къэкIуащ.**

ЗЭХЫХЬЭР къызэригъэпэщащ «Безопасность и профилактика» и фIэщыгъэу Ленинград областым щылажьэ щIалэгъуалэ центрым, Сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ хэкупсэу гъэсэнымкIэ Урысей центрыр и дэIэпыкъуэгъуу. Зэхыхьэм ирагъэблэгъащ щIалэгъуалэ IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэр, IэщIагъэлIхэр, ущиякIуэхэр, студентхэр.

Зэхыхьэр къызэIуахащ КъБР-м щIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Ахметов Артур, Сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ хэкупсэу гъэсэнымкIэ Урысей центрым къэхутэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и IэнатIэм и унафэщIым и къуэдзэ Епихин Александр, «Безопасность и профилактика» щIалэгъуалэ центрым и унафэщI Субботин Виталий сымэ.

- Дунейр зэтезыIыгъэ лъапIэныгъэхэр тфIэмыкIуэдын щхьэкIэ, псом япэу иджыпсту гулъытэ зыхуэтщIыпхъэр щIалэгъуалэрщ. Мы зэман мытыншым ди къэкIуэнур зыхуэдэ хъунур абыхэм куэдкIэ елъытащ икIи ди хабзэфIхэр щIэблэм едгъэхъумэн хуейщ. Шэч къытесхьэркъым мы зэхыхьэм Iуэху бгъэдыхьэкIэ щхьэпэхэр зэрыщызэхэтхынум, IэщIагъэлIхэр фызэрызэчэнджэщынум. Зэхуэсым щывгъэбелджылы IуэхуфIхэр фи щIыналъэхэм къыщывгъэщхьэпэну ди гуапэщ, - жиIащ Ахметовым.

Епихин Александр жиIащ ЩIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ федеральнэ агентствэм сыт щыгъуи япэ игъэщыпхъэ лэжьыгъэхэм ящыщу къызэрилъытэр щIэблэр мыхъумыщIагъэм щыхъумэныр. «КъБР-м ЩIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ и министерствэми ЩIалэгъуалэ унэми фIыщIэ яхудощI, мыхьэнэшхуэ зиIэ мыпхуэдэ зэхыхьэ къызэгъэпэщыным я гуащIэ зэрырахьэлIам папщIэ, - жиIащ абы. - ЩIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ федеральнэ агентствэм пщэрылъ къытщищIащ псэуныгъэм зэран хуэхъу мыхъумыщIагъэхэр, псом хуэмыдэу терроризмэмрэ экстремизмэмрэ епхахэр, къэмыхъун щхьэкIэ хэкIыпIэхэм зэпымыууэ ди нэIэ тетын зэрыхуейр. Абы теухуауэ дызэчэнджэщу, дызэлэжьыпхъэхэр зэгъусэу дгъэбелджылыну дызэхуэсащ», - жиIащ къэпсэлъам.

Зэхыхьэм и япэ махуэм щIалэгъуалэмрэ абыхэм я гъэсакIуэхэмрэ едэIуащ философие щIэныгъэхэмкIэ кандидат Бессонов Евгений Урысеймрэ дунеймрэ я зэхущытыкIэм, мы зэманым къекIуэкI политикэмрэ шынагъуэншагъэмрэ ятриухуа лекцэм, «Безопасность и профилактика» щIалэгъуалэ центрым и методист Тихонов Артём экстремизм, терроризм гупсысэхэм пэIэщIэ зэращI лэжьыгъэхэм тепсэлъыхьащ.

Бессонов Евгений зэрыжиIэмкIэ, IэщIагъэлIхэр щIалэгъуалэм ядэгъэлэжьэн хуейщ, щыIэкIэ-псэукIэм зэрызихъуэжамрэ щIэпхъаджащIэхэм IэмалыщIэхэр къагъэсэбэп зэрыхъуамрэ къэлъытауэ. «ЩIалэгъуалэм ядэлажьэхэм яIэн хуейщ ди зэманым мыхъумыщIагъэхэм зэрыпэщIэтыпхъэр къыщыгъэлъэгъуа тхылъхэр. Нобэ, бжыгъэр зи лъабжьэ Iэмалхэм я лъэхъэнэм, къыдгурыIуэу щытын хуейщ хъыбархэмкIэ щызэхъуажэ «хъым» и зэхэлъыкIэр. Зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым Интернетыр фIыкIи IейкIи къыпхуэгъэсэбэп Iэмэпсымэу зэрыщытыр. ЖысIэнуращи, хъыбарегъащIэ терроризмэм дыпэщIэтыфу зедгъэсэн хуейщ, ар зыхуэунэтIар жылагъуэр Iейм, зэгурымыIуэм, зэрыш-зэрылIым хуэшэнырщ. Абы теухуауэ щIалэгъуалэм зэпымыууэ даIущIэн, депсэлъэн, Iуэхум и пэжыпIэхэм щыдгъэгъуэзэн хуейуэ къызолъытэ», - жеIэ хьэщIэм.

Тихонов Артём къыхигъэщащ щIалэгъуалэм я гупсысэр къагъэлъэгъуэфу, къэIу хъыбархэр зэпкърахыфу егъэсэным мыхьэнэшхуэ зэриIэр. «Гугъуехьхэм дытепсэлъыхь къудей мыхъуу, хэкIыпIэу щыIэри къэгъуэтын хуейщ. ЦIыхум шынагъуэ зыпылъ Iуэхугъуэхэри илъагъуу, лъэпощхьэпохэр къызэрызэринэкIыфу дгъэсэным дыпылъыну ди къалэнщ, - жиIащ къэпсэлъам. - Дэ егъэджакIуэхэм, адэ-анэхэм, щIалэгъуалэм дадолажьэ, икIи дыхущIокъу абыхэм я деж нэтхьэсыну терроризмэм езым пэщIэтынымрэ абы епха гупсысэхэм пэувынымрэ зэрызэщхьэщыкIыр. Дэтхэнэ цIыхуми ахэр ищIэн хуейщ, и щхьэмрэ и Iыхьлыхэмрэ ихъумэжыфын папщIэ. Нобэ экстремизмэр дэни носыф, псом хуэмыдэу социальнэ сетхэр къегъэсэбэп. ФщIэж къыщIэкIынщ «Синий кит» джэгукIэм кърикIуауэ щытар. Ар щIалэгъуалэм хуэунэтIа Iэщэ лIэужьыгъуэщIэу арат. Балигъхэр «дыкъэушу», мыпхуэдэ Iуэху гугъухэм щхьэихауэ дытепсэлъыхьын щIэддзэну къытхуихуащ. Шынагъуэ къэунэхухэм дызэгъусэу фIэкIа дапэщIэтыфынукъым».

Зэхыхьэм и етIуанэ махуэм къэпсэлъащ дзэ психолог, полковник, дзэ зэпэщIэтыныгъэхэм я ветеран Захаров Алексей, Гъэсэныгъэмрэ чэнджэщ етынымкIэ «Стрела» щIэныгъэ-методикэ IуэхущIапIэм и унафэщI Кирилловэ Маринэ сымэ. Ахэр тепсэлъыхьащ хъыбарегъащIэ терроризмэм узэрыпэщIэтыну Iэмалхэм.

Ещанэ махуэм зэпкърахащ къэухь IэрыщIыр ди гъащIэм къызэрыхыхьам, ар хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм къызэрытезэрыгуэм, социальнэ сетхэр шынагъуэншэу къызэрыбгъэсэбэпыным, нэгъуэщIхэми.

Шэч хэмылъу, щIалэгъуалэм акъыл къызыхахын куэд мы зэхыхьэм щызэхахащ, экстремизмэмрэ терроризмэмрэ пэIэщIэ яхуэзыщIын лъагъуэ теувэным теухуауэ езыхэр зэгупсысыни я ныбжьэгъухэм жраIэни яIэу зэбгрыкIыжащ.

**АЛЪХЪО Дыжьын.**
*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

# Къэухь IэрыщIымрэ цIыхумрэ

**Илъэси 10 - 15 ипэ, къэухь IэрыщIыр (ИИ) ди гъащIэм къыхыхьэныр фIэщщIыгъуейуэ, абы фильмхэм фIэкIа дыщримыхьэлIэну ди гугъэу щытамэ, иджы тлъагъур сыт: нейросетым «дыдоуэршэр», ИнтернеткIэ зыгуэрхэм дылъыхъуэмэ, дэIэпыкъуэгъу къытхуохъу, нэхъ дыдэзыхьэх макъамэр, фильмыр къытхухех.**




НОБЭ къэухь IэрыщIым и Iэмалхэр сэбэп яхуохъу дохутырхэм (узыфэр зыхуэдэр къащIэнымкIэ), онлайн-тэрмэшхэм бзэ пщIы бжыгъэ зэмылIэужьыгъуэкIэ тхыгъэхэр тхузэрадзэкI, уеблэмэ банкым ахъшэ щIыхуэ къуитыныр зыгъэбелджылыр цIыхуракъым, атIэ компьютерым ар еубзыху. А псоми я лъабжьэр къэухь IэрыщIращ.

Иджыпсту куэд топсэлъыхь ИИ-м цIыхухэр IэнатIэншэ ищIыным зэрытегузэвыхьым. IэщIагъэлIхэм къызэрыхагъэщымкIи, псалъэм папщIэ, бухгалтер, логистикэ IэщIагъэхэм хуэдэхэм, зыгуэрхэр къызэрыщIагъэкIым бжыгъэр и лъабжьэ ящIмэ, нейросетымрэ роботхэмрэ ахэр яубыдынущ. Ауэ Iуэхур гужьеигъуэу къызэрыпщыхъум хуэдэкъым - цIыхум папщIэ IэщIагъэщIэхэр къэунэхунущ, сыт хуэдэ жыпIэмэ, ноби щIэупщIэ ягъуэту хуежьагъэххэщ нейросетхэр зэтезыухуэнухэм, компьютер дизайнерхэм, ИИ-р зыгъэлэжьэнухэм. Девгъэгупсысыт: Iэпщэ сыхьэтым цIыхум Iэпкълъэпкъыр а дакъикъэм зыхуэныкъуэ-зыхущыщIэ гуэрхэр къыджиIэу хъуауэ. Псалъэм папщIэ, зэман кIыхькIэ гу лъумытэжу зумыгъэхъейуэ ущысамэ, абы зыкъыуигъащIэрэ укъэтэджын, къэпкIухьын зэрыхуейр къыбжиIэу е уи узыншагъэм и щытыкIэр къипщытэрэ, дохутырым деж хыумыгъэтIасэу укIуэн зэрыхуейр къигъэлъагъуэу.

Ауэ мы Iуэхум лъэныкъуитI иIэщи, технологиехэм зауж щхьэкIэ, ар сэбэп пылъу къагъэсэбэпынкъамыгъэсэбэпынми егупсысын хуейщ. Къэухь IэрыщIыр зыгуэрым урикIэлъыплъ хъууэ, пэжрэ нэпцIрэ къыпхуэмыщIэну хъыбархэр зэрыхуейуэ зэхрагъалъхьэу хуежьэмэ - мис абыхэм нэхъ шынагъуэ япылъщи, хабзэ ткIийхэр къагупсысыпхъэу къыщIэкIынщ.

Бжыгъэ технологиехэмрэ Интернетымрэ къыщIэтэджыкIа япэ щIэблэм (Z-кIэ йоджэ) хиубыдэу къалъытэ 1996 гъэм къыщыщIэдзауэ къалъхуахэр. Ахэр зэрысабийрэ гаджетхэр яIыгъыу, социальнэ сетхэм иху къэхъуащ, къэухь IэрыщIыр я гъащIэм махуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу хэтащ. Нобэ къэухь IэрыщIыр жыджэру къэзыгъэсэбэпхэм ящыщщ егъэджэныгъэ IэнатIэри: онлайн курсхэр егъэкIуэкIыныр, егъэджэныгъэ программэхэр зэхэгъэувэныр, нэгъуэщI куэдкIи ар къагъэIэрыхуэ. Апхуэдэу иджыблагъэ Сабий творчествэмкIэ «ДыгъафIэ къалэ» академием щыгъуазэ дыщащIащ мы зэманым ныбжьыщIэхэр къэухь IэрыщIымкIэ олимпиадэм зэрыхуагъэхьэзырым.

Лэжьыгъэ IуэхукIэ дыздэкIуа еджапIэм сыздыщIэтым сегупсысащ: «Сыт хуэдэ Iуэху еплъыкIэу пIэрэ мы псом теухуауэ къыдэкIуэтей щIэблэм езым иIэр? Къэухь IэрыщIыр дауэ къагъэIурыщIэрэ? - жысIэу. Мы еджапIэм щIэс цIыкIухэр зэрыIущми асыхьэту щыхьэт техъуэн срихьэлIащ. Сыздэщытым псэлъэгъу къысхуэхъуа, 10-нэ классым щIэс УнащIэ Темыркъан си упщIэхэр щестым, гуфIэжу абы и еплъыкIэр къысхуиIуэтащ: «Иджыпсту къэухь IэрыщIым мыхьэнэшхуэ зэригъуэтар къегъэлъагъуэ, псалъэм папщIэ, ШколакIуэхэм я урысейпсо олимпиадэм информатикэмкIэ дерсым къэухь IэрыщIым теухуар щIэуэ зэрыхагъэхьам. Абы ипкъ иткIэ, 11-нэ классым щIэсхэр щагъэгъуазэ «ИИ»-м и щIэдзапIэм, и лъабжьэр зыгъэбыдэм, и зыужьыкIэм, хэлъ щхьэхуэныгъэхэм, - жеIэ щIалэм. - Къапщтэмэ, къэухь IэрыщIыр нобэ ди гъащIэм къыхыхьагъэххэу хэтщ. Псалъэм папщIэ, «Яндекс. Алиса» къэзыгъэсэбэпхэр ди куэдкъэ?! Дунейм и щытыкIэр жедгъэIэу, упщIэ зэмылIэужьыгъуэхэр етту. Ари къэухь IэрыщIым и Iэмалу аращ. ЗэрыфщIэщи, «ИИ»-р медицинэми къегъэсэбэп, абы электромашинэхэр зэрегъакIуэ, Iуэхугъуэ зэхуэмыдэхэмкIэ чэнджэщ къыдетыф, еджэнми сэбэп къыщытхуохъу. Япэм зы Iуэху гуэрым теухуа хъыбар къэбгъуэтын щхьэкIэ Интернетым сайт щэ бжыгъэхэр щыщIэппщытыкIын хуей хъууэ щытамэ, иджы «ИИ»-м си пIэкIэ а псори къипщытэнурэ упщIэм и жэуап нэхъ пэжыр къызитынущ. Пэжыр жыпIэмэ, къэухь IэрыщIыр нэхъ ипэжкIи ди гъащIэм къыхыхьауэ щытащ, ауэ иджыпстущ абы нэхъ псынщIэу зиужьын щыщIидзар. Нейросетым и фIагъхэр къэбгъанэмэ, абы къэкIуэнум лъэпощхьэпо гуэрхэри къиишэну къысщохъу. Псом хуэмыдэу абы цIыхухэм я IэнатIэхэр «къаIэщIихынкIэ» хъунущ. Псалъэм папщIэ, цIыху хэмыту нейросетым Iуэхур зэфIигъэкIыфIмэ, абы и улахуэр къыдигъахуэмэ нэхъ къищтэнукъэ ар зыгъэлажьэм?! Сэ сызэреплъымкIэ, иджыпсту къэухь IэрыщIым зэрызиужьым хуэдэурэ екIуэкIмэ, 2030 гъэм ирихьэлIэу абы и Iэмал псори къытхуэгъэсэбэпу хъунущ. Аращи, абы и лъэныкъуэ псори дджын хуейщ».

Езым сыткIэ ИИ-р зыдигъэIэпыкъуми сыщеупщIым, щIалэщIэм дыщIигъуащ: «Си пэшым «Яндекс.Алиса» колонкэ щIэтщ. Сыкъэуша нэужь, си Iэпкълъэпкъым зыщезгъэукъуэдийкIэ, къэухь IэрыщIым сызыхуей макъамэ жанрыр жызоIэри, ар къысхуегъуэт. Апхуэдэуи дерсыр щысщIыжкIэ, зы упщIэ гуэр къэувамэ, сымылъыхъуэу, мынэгъуэщIу: «Алисэ, сыт хуэдэ лIэщIыгъуэм мыпхуэдэ зауэр екIуэкIат?» жысIэу соупщIри, жэуапыр асыхьэту къызетыж».

Мыпхуэдэ щIэблэ губзыгъэ диIэу, шэч хэлъкъым цIыхумрэ къэухь IэрыщIымрэ зэрызэдекIуэкIыфынум. А тIур екIурэ-ещхьу зэдэлажьэмэ, къару лъэщ хъуну аращ. Къапщтэмэ, роботым сыт ищIэр - мабжэ, къепщытэ, къехутэ; цIыхум - къегупсыс, зыхещIэ, псэ хелъхьэ.

ИИ-р Iэмалщ, абы и фейдэр зэлъытауэ щытынури дэращ.

*Тхыгъэри сурэтри*
**БАГЪЭТЫР Луизэ** *ейщ.*

# Мы махуэхэм

**Жэпуэгъуэм и 4,**
*щэбэт*

♦ **Псэущхьэхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ**
♦ **Урысейм и Дзэ-Хьэрш къарухэм я махуэщ**
♦ **УФ-м и МЧС-м граждан зыхъумэжыныгъэмкIэ и дзэхэм я махуэщ**
♦ **1921 гъэм** РСФСР-м и Къэрал банкыр къызэрагъэпэщащ.
♦ **1957 гъэм** СССР-м хьэршым иутIыпщащ ЩIым и япэ IэрыщI спутникыр.
♦ **1986 гъэм** «Iуащхьэмахуэ лъапэ» къэрал лъэпкъ паркыр къызэрагъэпэщащ.
♦ **1957 гъэм** къалъхуащ журналист, «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэ Къумахуэ Аслъэн.
♦ **1968 гъэм** къалъхуащ «Адыгэ псалъэ» газетым жэуап зыхь и секретарь **Къаншокъуэ Эллэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 12 - 18, жэщым градус 11 щыхъунущ.

**Жэпуэгъуэм и 5,**
*тхьэмахуэ*

♦ **ЕгъэджакIуэм и дунейпсо махуэщ**
♦ **ПсэупIэм и дунейпсо махуэщ**
♦ **УФ-м щIэпхъаджащIэхэр къэлъыхъуэным пыщIа и IэнатIэм и лэжьакIуэм и махуэщ**
♦ **Адыгэ Республикэр къыщызэрагъэпэща махуэщ**
♦ **1948 гъэм** къызэрагъэпэщащ Дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэнымкIэ зэгухьэныгъэр.
♦ 1950 гъэм къалъхуащ генерал-лейтенант, УФ-м и ВВС-м и командующэм и къуэдзэу щыта, техникэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, Урысей Федерацэм дзэ хуэIухуэщIэхэмкIэ щIыхь зиIэ и IэщIагъэлI **Быж Айтэч**.
♦ **1957 гъэм** къалъхуащ тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, ДАХ-м и тхьэмадэу 2006 – 2009 гъэхэм щыта, КъБР-м Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и унафэщI **Дзэмыхь Къасболэт**.
♦ **1961 гъэм** къалъхуащ совет волейболисткэ, 1980 гъэм Москва щекIуэкIа Олимпиадэм чемпионкэ щыхъуа **Ахэмын Еленэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, республикэм уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 13 - 21-рэ, жэщым градуси 14 щыхъунущ.

**Жэпуэгъуэм и 6,**
*блыщхьэ*

♦ **Ущыпсэуну къезэгъ щIыпIэхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ**
♦ **1946** гъэм къалъхуащ биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, ЩIДАА-м и академик **КIадэ Азэмэт**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 15 - 19, жэщым градус 15 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъущ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Нэпсейр насыпыншэщ.**

**Жэпуэгъуэм и 5-р Егъэджак1уэм и дунейпсо махуэщ**

# ЩІэблэм папщІэ маблэ я гур

**Мы гъэм илъэс 60 мэхъури, ди къэралым щагъэлъапІэ ЕгъэджакІуэм и махуэр. Къэралым къихъуэ щІэблэм щІэныгъэ егъэгъуэтыным, гъэсэныгъэ екІу яхэлъхьэным зи гъащІэр тезыухуа а лэжьакІуэ гуащІафІэхэм я пщІэр жылагъуэм къыщыІэтыным хуэгъэза Іуэхугъуэхэм ящыщщ а махуэщІыр. Тхыдэ дэфтэрхэм къызэрыхэщыжымкІэ, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и УнафэкІэ ЕгъэджакІуэм и махуэр къыхэгъэбелджылыкІыным теухуа унафэм къару игъуэтауэ щытащ 1965 гъэм. МахуэщІыр жэпуэгъуэм и япэ тхьэмахуэм и кІэм ягъэлъапІэурэ къекІуэкІащ. ИужькІэ, 1994 гъэм къыщыщІэдзауэ, Урысей Федерацэми махуэшхуэр щаІэт хъуащ жэпуэгъуэм и 5-м, ЮНЕСКО-м игъэува ЕгъэджакІуэм и дунейпсо махуэм техуэу.**

ЗИ ГУГЪУ тщІы лэжьыгъэр гъащІэ гъусэу къыхэзыха дэтхэнэри и ІэщІагъэм хуэпэжщ дапщэщи: егъэджакІуэм хэлъыпхъэ хьэлхэр абыхэм ядыболъагъу сабийхэм я пащхьэ щитми, унагъуэм щисми, нэгъуэщІ щІыпІэхэм щыщыІэми. Апхуэдэу щытщ ахэр, зи гур щІэблэм папщІэ блэ цІыхухэр, сыту жыпІэмэ а ІэщІагъэм къыхуалъхуащи, ар я гъащІэм щыІуэху нэхъыщхьэщи, и гъунапкъэхэр пхуэмыгъэбелджылыуэ.Аращ щІыжаІэри: «Тхьэшхуэм къигъэщІауэ зы ІэщІагъэ закъуэщ щыІэр - ар ЕгъэджакІуэ ІэщІагъэрщ. Адрей псори ЕгъэджакІуэм къыбгъэдэкІыжу аращ».

ИпэжыпІэкІэ, жылагъуэм и къалэн нэхъ ин дыдэм йолэжь егъэджакІуэр - абы цІыху гупсысэр еузэщІ. ЕгъэджакІуэраращ куэдкІэ зэлъытар щІэблэм я къэкІуэнур зэрыхъунур, цІыхум я гупсысэм и гъунапкъэхэр здынэсынур. Егъэджэныгъэ ІэнатІэм и «пкъо» егъэджакІуэм ди къэралым гулъытэ лъагэ зэрыщигъуэтыр иужьрей лъэхъэнэм зыхэдмыщІэу къанэркъым. «Къэрал унафэщІхэм ялъэкІ ящІэнущ егъэджакІуэм и пщІэр жылагъуэм нэхъри къыщыІэта хъун папщІэ, абы къыдэкІуэуи езыхэми зыхащІэн хуейщ я пщэ мыхьэнэшхуэ зиІэ къалэн къызэрыдэхуэр», - апхуэдэ псалъэхэр щІэх-щІэхыурэ утыкухэм щыжаІэ УФ-м и Президентми Правительствэм хэтхэми. Пэжу, школ лэжьакІуэхэм гулъытэ хэха хуащІу, Урысей Федерацэм илъэс зыбжанэ и зэхуэкуурэ щагъэув ЕгъэджакІуэм, ГъэсакІуэм я илъэсхэр. АбыкІэ жэрдэмыр къыхэзылъхьа къэрал унафэщІым Іуэхур щиублэкІэ къыхегъэщ егъэджакІуэм жылагъуэм щиІэ мыхьэнэр дапщэщи зэрыщаІэтынур, абы папщІэ ялъэкІ псори сыт щыгъуи зэращІэнур.

ЗэрыгурыІуэгъуэщи, егъэджакІуэм и Іуэхухэр егъэфІэкІуэным, хуэфащэ увыпІэ жылагъуэм щигъуэтыжыным хуэгъэпса мурадхэр зы илъэскІи зэфІэха хъунукъым. АтІэми нэрылъагъущ ІэнатІэм зэрызиужьыр, зэрефІакІуэр, щІэныгъэм и фІагъыр нэхъ лъагэ зэрыхъур. А Іуэхум тещІыхьауэ къэрал программэ хэхахэр мэлажьэ. Апхуэдэщ, къапщтэмэ, илъэс куэдкІэ ягъэзэщІа, УФ-м и Президентым къыхилъхьауэ щыта «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектыр. Абы къыщыгъэлъэгъуа унэтІыныгъэхэр къанэ щымыІэу хуэгъэпсауэ щытащ егъэджэныгъэ ІэнатІэм, абы пэрыт ІэщІагъэлІхэм я Іуэхур дэгъэкІыным, я лъабжьэр гъэбыдэным, я пщІэр къэІэтыным. Мы гъэм къыщыщІэдзауэ къэралым щаублащ «ЩІалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ» лъэпкъ проектыр. Апхуэдэ икІи нэгъуэщІ Іуэху бгъэдыхьэкІэщІэхэм я фІыгъэкІэ хохъуэ ныбжьыщІэм ират щІэныгъэм и фІагъым, ар дунейпсо мардэхэм хуэкІуэ мэхъу.

14.30 - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
15.05 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
15.25 - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
16.05 - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
16.45 - «Лэгъупыкъу» (адыгэбзэкIэ)
17.05 - «Уауз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
17.20 - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ)
17.45 - «Сиз а билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
18.05 - «Гъуазджэм и щIыналъэ» (урысыбзэкIэ)
18.35 - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
18.50 - «Жэуап зэтыгъуей упщIэхэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
19.05 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
19.45 - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
20.05 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
20.25 - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
21.05 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
21.30 - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
22.00 - «ЩIалэгъуэ» (адыгэбзэкIэ)
22.35 - Адыгэ уэрэдыжьхэр (адыгэбзэкIэ)
23.00 - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
23.25 - 24.00 «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Щэбэт, жэпуэгъуэм и 11**

00.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
1.00 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
1.30 - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
2.00 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
2.30 - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
3.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
3.25 - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
4.00 - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
5.00 - «Уауз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
5.10 - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ)
5.30 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
6.00 - 7.00 Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
7.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
7.38 - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
8.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
8.25 - «Илхам» (балъкъэрыбзэкIэ)
9.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
9.25 - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ)
9.45 - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
10.00 - «ГъащIэм и дамыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
10.20 - «Уэрэдымрэ абы и тхыдэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
10.50 - «Жаншэрхъ» (адыгэбзэкIэ)
11.00 - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
11.21 - «Топалайчыкъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
11.30 - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
12.00 - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ)
12.44 - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
13.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
13.38 - «Лъэпкъым и ф1ыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
14.00 - «Утыку» (адыгэбзэкIэ)
14.50 - «Жаншэрхъ» (адыгэбзэкIэ)
15.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
15.25 - «Илхам» (балъкъэрыбзэкIэ)
16.00 - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
16.21 - «Топалайчыкъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
16.30 - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
17.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
17.25 - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ)
17.45 - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
18.00 - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ)
18.44 - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
19.00 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
19.45 - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
20.00 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
20.20 - «Кюбюрчек» (балъкъэрыбзэкIэ)
20.35 - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
21.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
21.25 - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
22.00 - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
22.30 - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
23.00 - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ)
23.20 - «Сиз а билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
23.30 - 24.00 «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Тхьэмахуэ, жэпуэгъуэм и 12**

00.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
1.00 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
1.38 - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
2.00 - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
3.00 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
3.25 - «Илхам» (балъкъэрыбзэкIэ)
4.00 - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
4.30 - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
5.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
5.25 - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ)
5.45 - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
6.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
6.44 - 7.00 «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
*«ХъыбарыщIэхэр». Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 10.00, 14.00*
*«ХъыбарыщIэхэр». Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 8.00, 15.00*
*«ХъыбарыщIэхэр». Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 12.00, 17.00*
7.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
7.40 - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
8.10 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
8.45 - «Акъылманла сёзлери». (16+)
9.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
9.35 - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
9.45 - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
10.10 - «Ди зэIущIапIэм» (адыгэбзэкIэ)
10.40 - «Дерс» (адыгэбзэкIэ) (12+)
11.00 - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
12.10 - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
13.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
13.35 - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
14.10 - «Ди зэIущIапIэм» (адыгэбзэкIэ)
14.40 - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
15.10 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
15.40 - «Акъылманла сёзлери». (16+)
16.00 - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
17.10 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
17.40 - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
17.50 - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
18.00 - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
19.00 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
19.45 - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
20.00 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
20.25 - «Илхам» (балъкъэрыбзэкIэ)
21.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
21.25 - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ)
21.45 - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
22.00 - «Утыку» (адыгэбзэкIэ)
23.00 - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
23.30 - 24.00 «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)

● Жэпуэгъуэм и 13-р Зи къалэныр зыгъэзащIэу зи псэр зыта хабзэхъумэхэм я фэеплъ махуэщ

# Гум имыкIыж гуауэ

**«Адыгэ псалъэм» и щIэджыкIакIуэхэм ящыщ куэдым, шэч хэмылъу, фIыуэ яцIыху ДыщэкI Марие Сухьэмэдин и пхъур. «КъБР-м и цIыхубэ егъэджакIуэ» цIэ лъапIэр зезыхьэ Марие ди республикэм щыцIэрыIуэщ. Ар илъэс 50-м щIигъукIэ псэ хьэлэлу пэрытащ щIыналъэм и егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IэнатIэм. ЕгъэджакIуэ Iэзэ, гъэсакIуэ гумызагъэ, жылагъуэ лэжьакIуэ жыджэр ди нэхъыжьыфIым и къалэмыпэм къыщIэкIащ адыгэбзэмрэ литературэмрэ щIэблэм зэрырагъэдж Iэмалхэр езыгъэфIакIуэ методикэ тхылъхэр, усэхэр. Нобэ Марие къыддогуашэ илъэс 20 ипэкIэ Налшык къыщыхъуауэ щыта жэпуэгъуэ зэпэщIэувэныгъэ ткIийм ехьэлIа и гупсысэхэмкIэ, абы хэкIуэда и къуажэгъу щIалэхэм ятеухуа гукъэкIыжхэмкIэ.**

«2005 ГЪЭМ и жэпуэгъуэ мазэм ди щIыпIэм къыщыхъуа Iуэху мыщхьэпэм имыгъэпIейтея, имыгъэгузэва, ди республикэм щыпсэухэр дэнэ къэна, дыкъэзыцIыхухэми яхэту си фIэщ хъуркъым. Си щхьэкIэ, къызолъытэ а Iуэхухэр адыгэпсэм къытена уIэгъэу, гум имыкIыж гуауэу. Апхуэдэу куэдрэ согупсыс: «Ярэби, абы щхьэусыгъуэ нэхъ хуэхъуауэ жыхуаIэ экономикэ щытыкIэ гугъум и мызакъуэу дэ, егъэджакIуэхэм, гъэсакIуэхэм, нэхъыжьхэм, адэ-анэхэм, ди дежи зыгуэрхэр къыщынауэ пIэрэ, зыгуэрхэр Iэпэдэгъэлэл тщIауэ пIэрэ?» Армырамэ, щхьэ къахэкIын хуеят ди ныбжьыщIэхэм апхуэдэ жыIэзыфIэщхэр, хэти къигъэдэIуэфхэр, зэрыхуейм хуэдэу яIуэнтIэфхэр? Япэу дызыхуэза гугъуехьым апхуэдиз щIалэгъуалэ къигъэлъэгуажьэмыщхьамэ, сыт хуэдэ адэкIэ ди псэукIэнур, сытым хуэдэну ди къэкIуэныр?

Нобэр къыздэсым я фIыщIэр догъэлъапIэ Хэку зауэшхуэр зи фэм дэкIахэм. ПщIэ ин яхудощI икIи догъэлъапIэ ноби ди щхьэхуитыныгъэмрэ псэукIэ дахэмрэ щIэбэнхэм. Ауэ жыIэн хуейщ жэпуэгъуэм и 13-м ди щIыпIэм щекIуэкIа зыкъэIэтыныгъэр ди лъэпкъыми адэжь щIыналъэми зэрахуэмыфащэр. Ди Лашынкъей къуажэм щыщу зи псэугъуэу щIалиплI хэкIуэдащ а зэрыхьзэрий шынагъуэм. Адэншэу къэнащ сабийуэ бгъу, фызабэ хъуат зи нысащIэгъуэр иджыри имыкIа цIыхубзиплI, я жьыщхьэ бын лажьэ хэхуат адэ-анэхэр. Лъэпкъым хэщIат зи къару илъыгъуэу, Iуэху зехьэнкIи, цIыху хэтынкIи узытемыукIытыхьын щIалэфIхэр. Ахэр ДыщэкIхэ Замир, Тимур, Аскэр, Тэмазэ Ибрэхьим сымэщ. Къуажэ псом зы цIыху закъуи къыдэпшынкъым мы щIалэхэм яхуэарэзыуэ щымытауэ, абыхэм емыкIу гуэрхэр ялэжьауэ, я адэ-анэм, къызыхэкIа лъэпкъым яхуэмыфащэу зыкъагъэлъэгъуауэ жызыIэфын.

«ГъащIэ зимыIэр нэгъуэщI зыгуэру къегъэщI» адыгэ псалъафэр пэж дыдэщ. ЩIалэхэм я хъыбар гуауэр щызэхахам егъэджакIуэхэм зыжьэу жаIат: «ГъащIэ зэрамыIэр пщIэнт...» ЕджапIэм щекIуэкI лэжьыгъэхэм жыджэру хэтхэт, нэхъыжьхэм пщIэ хуащIырт, нэхъыщIэхэр ягъэдэIуэфырт. ПсынщIагъ, фэрыщIагъ жыхуаIэхэр яхэлътэкъым, ауэ ныбжьэгъугъэмрэ цIыхугъэмрэ зыIыгъыфхэт. Щхьэхуещагъэ лъэпкъ ядэплъагъунутэкъым, я ехъулIэныгъэхэмрэ ябгъэдэлъ щIэныгъэхэмкIэ хэти дэгуэшэнухэт.

Удимыхьэхыу къанэртэкъым ДыщэкI Замир бгъэдэлъа цIыхугъэмрэ зэхэщIыкIымрэ. Лъэпкъым нэщхъеягъуэ къихъуамэ, япэ нэсхэм ящыщт. ЦIыхур щызэхуэсыну унагъуэм, пщIантIэм сыт щыщIэн хуейми, щIалэхэр гъусэ ищIынурэ, зэфIигъэкIынут, зыгуэркIэ зыхуэбгъэзэми, уигъэщIэхъунутэкъым. ЛIыпIэ имыувами, зи акъылыр тIыса, къекIумрэ къемыкIумрэ тэмэму зэхэзыгъэкIыф, зы пIэмрэ зы щытыкIэмрэ дапщэщи ит цIыхут Замир.

**«ЛIыгъэм иIэкъым гъунапкъэ», -**
**ЖиIат пасэрейм.**
**Ар къонахуэ сытым дежи,**
**Мурад дахэу пщIам.**
**Хабзэр пхъумэу улэжьэныр**
**Уэ бгъэхьэкъыт, Замир,**
**Хабзэншагъэ зылэжь цIыхур**
**Уэ уи дежкIэ бийт.**
**СыткIэ пщIэнт мы бжьыхьэ махуэр**
**Хъуну уэркIэ кIыфI?**
**Уи фIэщ хъунт жаIам адыгэм**
**Игъэжэн къуэшылъ?**
**А икIагъэм пэувахэм**
**Хахуэу уахэтащ**
**Лъэпкъ емыкIур бгъэзэкIуэным**
**ПапщIэ уи псэр птащ.**
**Лъэпкъым папщIэ уэ щIалэфIым**
**Къэбгъэнакъым плъэкI.**
**Уи щхьэм япэ бэр ибгъэщри,**
**Уи псэр птащ, лIыхъужь.**

Уамытхьэкъунк Iэ Iэмал иIэтэкъым ДыщэкI Тимур хэлъа гупцIанагъэмрэ гуапагъэмрэ. Жыжьэу укъилъэгъуамэ, къэсыху гуфIэу къыббгъэдыхьэрт. И макъ гуапэ, щабэ цIыкIумкIэ къыпщIэупщIэрт, уи Iуэху зыIут зригъащIэу. ЕджапIэр къиухыху ди пащхьэ иса щIалэм и макъ зригъэIэтауэ зэхэтхакъым. ЗэрыцIыкIу лъандэрэ IэпщIэлъапщIэт, гумызагъэти, зэIусэр хъурт. Зы хъыджэбз цIыкIу къытекIуэртэкъым абы класс лъэгур къилъэсынкIи, гупым зэрахьэн хуейуэ къалъыса хьэсэр зыхуей хуэгъэзэнкIи. Шэч зэрытщIымкIэ, щIалэ цIыкIу защIэ фIэкIа зимыIэ анэм и къуэ нэхъыщIэ цIыкIу Тимур унагъуэ Iуэхухэм нэхъ хуигъэсат. ЗэкъуэшиплI хъу щIалэхэм яхэбдзын яхэмыту къудан защIэт, зэкIужт, цIыху къалэнри къуажэ хьэкъри ягъэзэзщIэфу апхуэдэт.

**Щхьэж и мурадым хуэпIащIэу**
**ЦIыхубэр махуэщIэм пежьат,**
**Iэпкълъэпкъыр щIигъэкIт бжьыхьэ уэфIым,**
**Сыт пщIэнуми, махуэр дыгъэпст.**
**Жэщ псом жагъуэншэу лэжьауэ**
**Унагъуэм хуэпIащIэрт Тимур,**
**Къыпэплъэрт и анэр, щхьэгъусэр,**
**ФIэфI шхынхэр хуащIауэ хьэзырт.**
**КIуэжыну ежьа щIалэщIэр**
**Унафэм ипкъ иткIэ къэнащ,**
**ЖаIащ зэкIэ я пIэ исынхэу.**
**Уеблэмэ, кIуэжахэр къашэжт.**
**КъэIуащи гуихыу фоч макъхэр,**
**Шэ пщтырхэр фиижу блолъэт.**
**СыткIэ ящIэнт а дакъикъэм**
**Абы къахуихьыну гухэщI.**
**Асыхьэтым щIэшынэн щымыIэу,**
**Хахуэу зэдилъащ щIалэ гуп,**
**Хабзэншагъэм пэувщ къимыкIуэтуи,**
**Лей зезыхьэм ирадзащ удын.**
**Яхэтт абыхэм Тимур щхьэмыгъазэр**
**Лъэпкъым епцIыжахэм игу къыхуэплът,**
**Лей зезыхьэм яхуэмыгъэгъуныр**
**ЗэрыцIыкIурэ хуэхъуат абы хьэл.**
**Зэхэуэшхуэм япэ ит щIалэщIэм**
**Бийм къидза бдзапцIэшэр къытехуащ,**
**Жыгей хуэдэ, щIалэ Iэчлъэчышхуэм**
**ЗанщIэу и Iэпкълъэпкъыр ехуэхащ.**
**Лъэпкъ щыуагъэр бгъэзэкIуэжын папщIэ,**
**Уи псэ къабзэр пщIыфащ щхьэузыхь,**
**«ЛIэнми лIыгъэ хэлъщ», - игъащIэм жаIэ,**
**Уэ а лIыгъэр плъэкIащ зепхьэфын.**

ЩIэкIыркъым си нэгу ДыщэкI Аскэр иужь дыдэу щыслъэгъуа пщэдджыжьыр. Ар мы гузэвэгъуэр къыщыхъунум ипэ ита махуэрат. Пщэдджыжьми пщыхьэщхьэми сыхуэзэрт абы, и сабийр садым къишауэ е ишэжу. А пщэдджыжьым абы щхьэкIэ сыщытхъуа къудейт. «Нышэдибэ дызэхуэзащ», - жиIэу къимыгъанэу пщыхьэщхьэми сэлам къуихынут. Школ гъащIэм, абы щыщу дигу къинэжахэм дытепсэлъыхьырт. «Дэ жьы дохъу, дяпэкIэ фэращ ди гугъапIэр», - жысIамэ, игъащIэ лъандэрэ сызэрыщыту, зы мастэ хуэдизкIэ нэхъ жьыи, нэхъ Iеи сымыхъуауэ къызжиIэрти сигъэгуфIэрт. «ДэIэпыкъуэгъу сыткIэ сыпхуэхъуфыну?» - гуапэу къызэупщIырт, зыкъыпщIигъэкъуэну зэрыхьэзырыр нэрылъагъуу.

**ЦIыхур къалъхури тоувэ зы лъагъуэ.**
**Тетщ темыкIыу ар и гъащIэ гъуэгу.**
**А гъуэгуанэр тхуэхъун папщIэ махуэ,**
**Еш умыщIэу уэ IэнатIэр пхьырт.**
**ГъэзэщIапхъэу гъуэгум иIэ хабзэр**
**Пхъумэу сакъыу упэрытт къалэн.**
**Баш къуэлэн пIэтам зы цIыху фIэмыкIыу,**
**Щытхъу къэблэжьу уи Iуэхур зепхьэфт.**
**ФIыщIэ псалъэм ущымыщIэт зэи,**
**Уи къалэныр псом япэ ибгъэщт.**
**«ЩIалэфIщ Аскэр», - жаIэмэ дыгуфIэрт,**
**«Ар ди щIалэщ», жытIэу ди щхьэр тIэтт.**
**Ауэ жиIэркъым ажалым: «СынокIуэ».**
**Къыщысынри къыпхуэмыщIэ зэи,**
**Къэсат ар уи деж а бжьыхьэ махуэм,**
**Ужеямэ, къыхэмыхуэу пщIыхь.**
**Дапщэ фыхъурэ а махуэм лажьэншэу,**
**Лъыр ящIэжу къытенахэр гъуэгу?**
**ГуIэу анэхэр, зэщIэгъуагэу бынхэр,**
**Хьэдэу дашэжахэр я пщIантIэжь.**
**Лъэпкъым гуауэ зэи имылъэгъуами,**
**А зы махуэ закъуэр ирикъунт,**
**Къабзэу напэр фыкIуэжащ ахърэтми,**
**И тыншыпIэр къыфлъысау къыщIыкI.**

Тэмазэхэ я щIалэ Ибрэхьим-щэ? Зи ужь ихьа Iуэхур тэмэму зыфIигъэкIырт, классым сабийуэ щIэсым фIыуэ къалъагъурт, къуейщIеягъэ, хьэрэмыгъэ, нэпсеягъэ лъэпкъ зэрыхэмылъым папщIэ. Ибрэхьим спэмыжыжьэу псэурт, ди лэжьакIуэ кIуэгъуэр куэдрэ зэтехуэрти, гъуэгум дыщызэрихьэлIэрт. Дапщэрэ дызыхуэмызами, сэ слъэгъуакъым машинэ цIыкIум ису къыдэжа щIалэр къэувыIэу машинэ ежьэу гъуэгум тет цIыхухэр из хъуху иримыгъэтIысхьауэ, яхуэгуапэу, ящыгуфIыкIыу, ядэгушыIэу здэкIуэм нэс нимышэсауэ. И гур зэIухати, адыгагъэрэ цIыхугъэкIэ къикIуэтынутэкъым. Адыгэхэм угъурлыгъэм и нэщэнэу ябж натIэдыхьэхэри екIупст.

**Хабзэхъумэу ущытыныр**
**МыIэщIагъэ тынш,**
**Ауэ ар IэщIагъэу щыIэм**
**Къахэпхат, уфIэфIт.**
**Уи лэжьыгъэм, уи пщIэм пэкIуэу**
**УиIэт медаль куэд.**
**Iуэхум я нэхъ гугъу къэхъуами,**
**Я дзыхь уэ къуагъэзт.**
**Уи милицэ фащэр пщыгъыу**
**Пщэдджыжь къэс удэкIт,**
**«Тхьэшхуэм укъихъумэ», - жаIэу**
**Тхьэ пхуелъэIут цIыху куэд.**
**Бжьыхьэ махуэ дыгъэпс дахэр**
**Уэ пхуэхъуат кIыфI Iей.**
**Къыптехуати бдзапцIэ хьэлъэр,**
**Пхуэхъуащ ар лэжьей.**
**Ущалъхуауэ уи къуажэжьым**
**Куэдрэ игу уилъынщ.**
**Уэ зэгуэр плъэкIар уи бынхэм**
**Гъуазэ яхуэхъунщ.**
**ФымыгуIэ, адэ-анэ.**
**Псэущ фи Ибрэхьим:**
**Псэущ и лIыгъэр, и хахуагъэр,**
**Псэущ и лъэужьыфI.**

ГукъэкIыжхэр, гукъэкIыжхэр... Сыту куэд хъурэ ахэр. ГукъэкIыж дахэхэр къытхуэзыгъэна мы щIалэхэр нобэ къытхэтыжамэ, сыту фIыт, ауэ гъащIэми зэманми унафэ зыхууагъэщIынукъым...

БлэкIа илъэсхэм дерс къыхахын папщIэ, лэжьыгъэ пыухыкIа щащIащ ди республикэм: зэIущIэхэр, къэпсэлъэныгъэхэр дэни щекIуэкIащ. Гуузу хэкIуэда ди щIалэхэм я фэеплъыр гъэлъэпIэн папщIэ, Iуэхум къыхэтшащ, еджакIуэхэм нэмыщI, жылагъуэ IуэхущIапIэхэр, хабзэм и хъумакIуэхэр, адэ-анэхэр. Дыщогугъ абыхэм сэбэпынагъ къытхуахьауэ. Дэ дифI дымыгъэлъэпIэжмэ, нэгъуэщI къакIуэу тхуигъэлъэпIэнукъым. Лъахэм, лъэпкъ Iуэхум щIэбэнахэм я фэеплъыр уахътыншэ тхуэмыщIмэ, къытщIэхъуэ щIэблэми абы и мыхьэнэр къагурыIуэнукъым Хэкум и хъумакIуэ щхьэмыгъазэхэр тхуэгъэсэнукъым. Псом япэ дэ, нэхъыжьхэм, къыддалъагъун хуейщ фIыр, пэжыр, екIур, емыкIур. Апхуэдэу щыщыткIэ, дывгъэсакъ, къэкIуэнум къару зэхэлъкIэ дыхуэвгъэлажьэ».

*Зыгъэхьэзырар*
**КЪАРДЭН Маритэщ.**

**Тхыгъэр зытет газет напэр дгъэхьэзырауэ хъыбар гуауэ къытIэрыхьащ - дунейм ехыжащ ДыщэкI Марие.**


ДыщэкI Аскэр


ДыщэкI Замир


ДыщэкI Тимур


Тэмазэ Ибрахьим




# Нэхъыжьым хуэфащэ пщIэр

Жьыгъэ, жьыгъэ, жьыгъэ... Жьыбгъэм и фэгъу мы псалъэ ткIыбжьыр щызэхэпхкIэ уи гур зы щIыIагъ гуэрым докIыщтэ, уи псэм хьэзаб хьэлъэ шэчыгъуей гуэр зэпрыууэ пфIытогъуалъхьэ. Мы дунеижьыр зыухуар цIыху цIыкIум къызэрыхуэупса фIагъ, IэфIагъ псори зэуэ щытрихыж, щысхьырабгъу хэмылъу щыIэщIичыж, уеблэмэ къыщыIуригъэхуж зэман зэгъуэкIыу уи нэгу къыщIоувэ. Сыту пIэрэ сабиигъуэм и лъахэ IэфIыщэм къришу щIалэгъуэм и дуней дахащэм хэзышэ, а зэманми къыхишыжкIэрэ ику ит ныбжь телъыджэм хуэзышэ гъащIэ гъуэгум и щыхупIэ, и пэнцIыв дыдэм хуэзэу а жьыгъэ теплъаджэр къащIыпигъаплъэр? КъызыпхрыкIа псоми иригъэплъэжу, IэщIэщIа щыуагъэхэр зэригъэгъэзэхуэжу, зыхунэмысахэр къыIэщIэухэ и къару мащIэмкIэ зэтес ирыригъэщIыжу, фIагъыу илэжьахэр нэхъри игъэбатэу, къехъуэхъумрэ къехъуапсэмрэ ихъуреягъым щыхигъахъуэ зэпыту иджыри тIэкIурэ игъэпсэужын мурад иIауэ гугъэ уегъэщI.

Жьыгъэм и нурыр къатридзэу абы и жьауэм щIэтхэми къащохъу, уеблэмэ къалэну зыхуагъэувыж абыхэм я гур яхъумэн, я пщIэр ягъэлъэгэн, сыткIи зыдрагъэкIун хуейуэ. Ар икIи хьэкъщ, щIэблэр зыщIэпIыкIыпхъэ гъэсэныгъэ телъыджэщ, Iуэхугъуэ дахэщ. Уэрэдми зэрыжиIэщи, «жьыгъэм ищIкъым зэхэгъэж – хэтми сытми ар къоуз». Пэжщ, узыфэм хуэдэщ жьыгъэр, хущхъуэгъуэ зимыIэ узыфэ шынагъуэм.

Ауэ... Ауэ-м иужькIэщ адыгэм псэлъэн щыщIидзэр жызыIам пэжу жиIат. Сыту жагъуэ, сыту гукъутэгъуэ икIи гущыкIыгъуэ жьыгъэр зыпкърыт, а узыфэр зи Iэпкълъэпкъ псомкIи зэщIэзыщта цIыхум акъыл нэс къыпкърыкIыу, гупсысэ узыншэ къигъэщIыфу, чэнджэщ щхьэпэкIэ къотэфу щызыхыумыщIэкIэ. КIуэдауэ, къэгъазэ имыIэу псыежэх Iэубыдыпlэншэм хадзэу здрагъэлъэсэхауэ, зыкIи къэмысэбэпауэ къыпфIощI апхуэдэм къигъэщIар, къызэринэкIар. Ди жагъуащэ зэрыхъущи, апхуэдэм ди щIэблэр – езым иущийуэ къыдекIуэкIын хуейр – укIытэгъуэшхуэ щригъахуэ щыIэщ. ИкIи пхуэмышыIэу мыпхуэдэ гупсысэм уи акъылыр ирешалIэ абы: «ГъащIэм щыгъуэщэнукъэ, тхьэмыщкIэ, абы къытепщIыкIари? СыткIи къуаншэ, сытуи насыпыншэ лIэужьибл къызэринэкIа нэужь абы и нэпкъыжьэ зытехуэжынури!»

«Уэхьэхьей, сэ жьы сыхъуащи, пщIэ къысхуэвмыщIи, феплъыт» - жыпIэу укIийкIэ, апэсы щымыIэжым игъуэт гулъытэм и щIагъ пфIэкIуэнкIэ зыхуэIуа щыIэкъым ууейр. «Еууей»-ри абыкIэ къыпхуэлэжьынукъым мы дунейм уи щIыб къыщыхуэбгъэзами. Дапщэщ тыншу щыщытар нэгъуэщIым и деж гулъытэ нэсрэ пкъы зыщIэлъ, купщIэ зиIэ пщIэ лъагэрэ къыщыблэжьыныр? Дапщэщи гугъущ икIи зыIэрыгъэхьэгъуейщ ар. Псом хуэмыдэжу гугъу дыдэщ а фIыгъуэр къыумызэуауэ, зыхыумыщIауэ жьыгъэм унэсыныр.

Жьы хъуам сабий хьэл къещтэж, жаIэ. Уемыубзэмэ, псалъэ дахэкIэ, хэщыпыхьакIэ ухуэмыупсэмэ, и гур тIууэ зэпыбудыну къалъытэ. Ауэ зи псалъэ дыджкIэ, зи гупсысэ ткIыбжькIэ плъэмыкIыу гущыкI зыхуозыгъэщI, ажалыр благъабзэу къакIэлъэщIыхьами, щIагъуащэу пфIэгуэныхь хъуну Iэмал къозымыт «нэхъыжьыфIхэми» ущрихьэлIэ щыIэщ. Уи гур егъэIэфIыж, егъэгуфIэж апхуэдэхэр зэрызырызыххэми. ИкIи мыпхуэдэ гупсысэ-щIэнэкIалъэмкIэ псэ пIейтеяр иритоуж, егъэзэгъэж: «Сабий хьэлыр фащэу къызыхуихьыжу къызыщитIэгъэжам сабиипсэм и къабзагъэр сыту мыгъуэу гуэгъу къыхуимыщIыжарэт? Иущэхужагъэнщ, армыхъуамэ и щIалэгъуэми щIагъуэу щытагъэнукъым, абы щыгъуэ».

**КХЪУЭIУФЭ Рабия**.

● Шхыныгъуэхэр

## Зэпкърымыхауэ гъэжьа джэд

Джэд гъэкъэбзар псы щIыIэкIэ ятхьэщI, хъыдан къабзэкIэ ялъэщIыж, ягъэгъущ. Абы и кIуэцIыр яшыу, шыгъу, шыбжий сыр, бжьыныху уба щахуэурэ. Джэд щIыбым шыгъу фIэкIа щахуэркъым. ИтIанэ тебэм дагъэ иракIэри, къагъэплъ пщтырагъыр градус 200-м нэсыху, абы джэд шыуар халъхьэ и щIыбыр егъэзыхауэ. ЗэрагъэдзэкIыурэ тхъуэплъ дахэ хъуху дакъикъи 5-7-кIэ ягъажьэ. ИужькIэ джэдыр зэрилъу тебэр хьэкулъэм ирагъэувэри, дакъикъэ 25-рэ хуэдизкIэ ягъажьэ, зэзэмызэ зэрагъэдзэкIыурэ. Джэдылыр мыпшэрмэ, щагъажьэкIэ джэд щIыбым шатэ щахуэ, тхъуэплъ дахэ ищIын щхьэкIэ. Джэд жьар хьэкулъэм кърахыжри, хуеймэ зэрыпсоуэ е Iыхьэ-Iыхьэурэ упщIэтауэ Iэнэм тралъхьэ. Тебэм къина дагъэри езы джэдым къыщIэжа псыри тракIэж. Къазри бабыщри апхуэдэ дыдэу ягъажьэ хъунущ. ПIастэ, щIакхъуэ и гъусэу пщтыру яшх.

***Халъхьэхэр (цIыхуитху Iыхьэ):***
джэд гъэкъэбзауэ - г 1100-рэ;
сэхуран дагъэу - г 100;
бжьыныху укъэбзауэ - г 30;
джэдым щахуэ шатэу - г 50;
шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

## КIэртIоф зыхэлъ жэрумэ лэпс



Ар ягъэхьэзырын щхьэкIэ жэрумэр зыхэвыкIа лэпсыр тIэкIу ягъэдий, дагъэр къытехыгъуафIэ хъун щхьэкIэ. Телъ дагъэр къытрахри, лэпсыр языж, шыуаным иракIэ, пэшхьэкум трагъэувэри, зэ фIыуэ къагъэкъуалъэ. Абы Iыхьэ цIыкIуурэ упщIэта кIэртIоф укъэбза халъхьэ, и щхьэр трапIэжри, мафIэ щабэм тету ягъавэ дакъикъэ пщыкIутху-тIощIкIэ. Абы бжьын гъэлыбжьа традзэ, джэдгын траудэри, шыуаныщхьэр тепIауэ дакъикъитху-хыкIэ щагъэт. Фалъэ куукIэ пщтыру Iэнэм трагъэувэ. ПIастэ щIыIэ е чыржын, хьэлIамэ, щIакхъуэ дашх.

***Халъхьэхэр (зы цIыху Iыхьэ):***
дагъэ зытемытыж лэпсу - г 500;
кIэртIоф укъэбзауэ - г 150-рэ;
шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.
***бжьын гъэлыбжьам:***
бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 50;
щэ гъэвэжауэ - г 40;
шыбжийуэ, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз.

**КЪУБАТИЙ Борис**.

● Чэнджэщхэр

## Акъылыр жан зыщIыр

♦Шыбжий сыр зышхрей цIыхур акъыл жан мэхъу.
♦Зи бзэгу къихуахэм джэдгын ущэба жьэдагъэщащэри, я жьэр зэтепIауэ щагъэтщ и ибжьэныр иухыхукIэ, итIанэ къыжьэдадзыж. Ар щащIыр гъуэлъыжыгъуэм и дежщ.
♦Шыл, бабыщыл, къазыл пшэрхэм къыхащIыкI шхыныгъуэхэр, абы я дагъэр сэбэп яхуохъу щIыIэ зыхыхьахэм, жьы зыхуримыкъухэм, жьэн уз зиIэхэм.
♦Нартыху пIастэ хуабэрэ бжьыныщхьэ укъэбзарэ шыгъум хагъауэурэ зышхрейхэр фIыуэ мэжей, абы лъыр фIыуэ зэрегъакIуэ, нэкIу зэлъахэми зрегъэшэщIыж.
♦Шха иужькIэ бжэмышхри гуахъуэри Iубауэ ягъэтIылъыркъым, гуэныхьышхуэ пылъщ жаIэ.
♦Къалмыкъ шей пщтырым адыгэ шатэ Iувыр хэпкIэмэ тхъууэ мэжабзэ. Апхуэдэу мыхъун щхьэкIэ, шатэ Iувым псы тIэкIу хакIэ, зэIащIэри итIанэ къалмыкъ шейм хакIэж.
♦Ямылейуэ ялъэса мэл е былым укIам и лъатэм кхъуей щIагъуэу хихыжынукъым.

● Фэ фщIэрэ?

## Псалъэ шэрыуэхэр

**И анэ еплъи, ипхъу къашэ** – На мать посмотри и ее дочь замуж возьми. Пхъур и анэ ещхь хъуж хабзэщ, жыхуиIэщ. АнэфIым ипIар, иущияр щхьэгъусэфI пхуэхъунщ, жыхуиIэщ.

**И анэм гъэсэныгъэ къритыхукIэ, къуаргъ тIощI ибжащ** – Пока мать ему читала наставления, он двадцать ворон насчитал. И анэм жиIэм едэIуакъым, и гъэсэныгъэр зыхилъхьакъым, жыхуиIэщ.

**Игу мыкIуэдурэ и унагъуэ кIуэдащ** – Не теряя надежды, потерял семью. И унагъуэр лъэлъэж щхьэкIэ къыфIэIуэхукъым, игу узкъым, егупсысыркъым, жыхуиIэщ.

**ИумыгъэкIыжыну фызым дзы фIумыщ** – Жену, с которой не будешь разводиться, не позорь. Уи щхьэгъусэм ухуэпсэлъэжыныр пхуэмыфащэщ: удэпсэунумэ, зегъэзэгъ, уемызэгъмэ, абы и цIэри, уэр дыдэм уи щхьэри умыгъэпуду бгъэдэкIыж. НэгъуэщI Iуэхугъуэм ехьэлIауэ мы псалъэжьыр къыщагъэсэбэпи щыIэщ: узыдэпсэу, узыдекIуэкI гуэрым ухуэмыпсалъэ, ар икIагъэщ, жиIэу.

**КIэн ухэнми, фызым хэмынын** – Пусть ты лишишься игры в альчики, но пусть не лишишься женитьбы. Унагъуэ гуэр буухуэн хуейщ, жыхуиIэщ.

**КъакIуэ псори благъэщ** – Кто приходит – то и родня. Уи унагъуэ хьэщIэ къыщихьэкIэ, уифI-уи бийми, благъэм хуэдэу хущыт, пщIэ хуэщI, жыхуиIэщ. ХьэщIэр Алыхьым и хьэщIэщ, жаIэу ягъэлъапIэ хабзэщ.

**Къэзылъхуам ещхь мэхъуж** – Всяк - становится подобным тем, от кого он родился. Щхьэж къилъху езым ещхь мэхъуж.

**КъэкIыгъэ лъабжьэншэ хъуркъым** – Растения без корней не бывает. КъэкIыгъэр лъабжьэншэу къызэрымыкIым ещхьу, дэтхэнэ зы цIыхури и лъэпкъ къыхэкIащ, жыхуиIэщ.

**Къэрдэщыщхьэр мэщхьэлъэ, щхьэж и лъэпкъ йокIуэлIэж** – Верхушка кардаша отцветает, а каждый повторяет свою породу. Дэтхэнэ зыри къызыхэкIам ещхь мэхъуж, жыхуиIэщ.

● Псалъэжьхэр

## ЗыхуащIэ нэхъри зыщIэф

**Хуэмыху и Iуэху блэкIыркъым.**
**Зылъэмык I IэфракIэ и Iыхьэщ.**
**Хамэ ущие тхьэмахуэщ, хабзэ хьэху махуищщ.**
**Хамэр гъэшэраши, унэр гъэшэрыуэ.**
**Зым и мыгъуэ, зым и махуэщ.**
**Къандзэгурэ пэт гу егъэуфэрэнкI.**
**ЗыхуащIэ нэхъри - зыщIэф.**
**Пщы зыфIэпщым пщылI къыпфIещ.**
**ФIым фIы къыпокIуэри, Iейм Iей покIуэж.**
**Хабзэр убзэнкъым, акъылыр къалэнкъым.**
**Щхьэм имылъмэ, лъакъуэм и мыгъуагъэщ.**
**ХакIуитI зы бо щIэзагъэркъым.**
**Гъусэ ямыщIынум блэкIрэ пэт йоджэ.**
**Дахэ и щIагъ дыщэ щIэлъщ.**

***ЕкIуэкIыу:*** **1**. ЩIакхъуапхъэ. **5**. Хьэкъущыкъу. **7**. Дзыгъуэ, хьэндыркъуакъуэ, шындырхъуо, щIыIуб, хьэмбылу, апхуэдэу пхъэщхьэмыщхьэ зэхуэмыдэхэр зи шхыныгъуэ, жэщым щакIуэ зи хабзэ псэущхьэ мыин. **8**. Хъарбыз Iыхьэ е кхъуей Iыхьэ. 9. Пшынэм и сэмэгурабгъу лъэныкъуэм тет Iэпэхэр. **11**. Выр зэрыщIащIэ пхъэ. **16**. Таурыхъхэм къызэрыхэщымкIэ, псэущхьэ хьилэшы. **17**. ... Iуданэ, е ... бостей. **18**. Языныкъуэ къуажэдэс унагъуэхэм я фIэIугъэхэр абы щахъумэ. **20**. Бжейм къыпыкIэ жылэ, цIыхум яшх. **21**. Хывым нэгъуэщIу зэреджэ.

***Къехыу:*** **2**. ПащIэ Бэчмырзэ и пхъурылъху, композитор. **3**. Гум щIэщIа выр зэрызэрагъакIуэ чы псыгъуэ кIыхь. **4**. Ху къызыщIаIукI къэкIыгъэ. **5**. Члисэ унэхэм фIэлъ уэзджынэшхуэ. **6**. Таурыхъхэм хэт псэущхьэ шынагъуэ, щхьэ зыбжанэ фIэту. **10**. ... къэпщIауэ, еджапIэ пщIантIэм сабийхэр щызэрызохьэ. **12**. Донецк, Кузбасс щIыналъэхэм я щIы щIагъхэр абыкIэ къулейщ. **13**. Пхъэ къутахуэ жыгъей. **14**. Дыгъэмрэ мазэмрэ я хъуреягъкIэ къищI нэхур. **15**. Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ, КъурIэныр адыгэбзэкIэ зэзыдзэкIа. **19**. Хьэуар пхуримыкъуу, дунейр щыхуабэвэх зэман.

*Зэхэзылъхьар* **Саут СулътIанщ**.

# Псалъэзэблэдз



***ФокIадэм и 29-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкIуэкIыу:*** **4**. Тхъуэбзащхъуэ. **5**. Iэл. **6**. Пхъужь. **8**. КIэху. **10**. Дэ. **11**. Хъуп. **12**. Гущэ. **14**. Бгъэ. **16**. ГъукIэ. **18**. Псынэдахэ.

**Къехыу**: **1**. Тхъусэ. **2**. Кхъузанэ. **3**. Ахъуэхъу. **5**. Iэдэб. **7**. Жьапщэ. **8**. КIыгу. **9**. ХущIэ. **13**. Щолэхъу. **15**. Гъасэ. **17**. КIахэ.



# ЗэпыщIэныгъэр ягъэбыдэ

**СурэтыщI гъуазджэхэмкIэ музейм Ткаченкэ Андрей и цIэр зезыхьэм щагъэлъагъуэ «Души моей серебряные нити...» зыфIаща гъэлъэгъуэныгъэр. Абы утыку къыщрахьащ УФ-м и Жылагъуэ палатэм хэт, Ингуш Республикэм и цIыхубэ сурэтыщI, Карабулак къалэм Гъуазджэхэмкlэ и Сабий школым и унафэщI, щIыналъэм и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI, УФ-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэт, усакIуэ Мартазанов Муса и лэжьыгъэхэр. Ар къызэрагъэпэщащ художникыр илъэс 50 щрикъум ирихьэлIэу.**

НЭХЪАПЭIУЭКIЭ Ингуш Республикэм СурэтыщI гъуазджэхэмкIэ и къэрал музейм и фондым и лэжьыгъэ нэхъыфIхэр КъБР-м СурэтыщI гъуазджэхэмкIэ и музейм щагъэлъэгъуащ. КъыкIэлъыкIуэу, КъБР-м СурэтыщI гъуазджэхэмкIэ и музеймрэ республикэм и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэмрэ, «Палитра мира» Iуэхум хыхьэу, Ингуш Республикэм и Карабулак къалэм «Мастера реализма» выставкэр щагъэлъэгъуащ. Мы гъэлъэгъуэныгъэр щIыналъэхэм ди щэнхабзэ зэпыщIэныгъэм, лъэпкъ зэныбжьэгъугъэм зэрызрагъэужьым къыпызыщэщ.

Иджырейм къызэщIеубыдэр Мартазанов Муса Iэмал, жанр зэмылIэужьыгъуэхэм щыщ и живопись, графикэ, декоративно-прикладной гъуазджэм и лэжьыгъэ 30-м нэблагъэ. Абыхэм щыболъагъу бгыхэр, къурш уардэхэр, щIыналъэм и щIыуэпс къулейр, удз гъэгъа щхъуэкIэплъыкIэхэр. Гъэм и сыт хуэдэ зэманми щIыуэпсым и дахагъэр къыщигъэлъэгъуа сурэтхэр плъыфэбэщ, щIэщыгъуэщ, гупсысэ ящIэлъщ.

КъБР-м и Парламентым щэнхабзэмкIэ, граждан жылагъуэм зегъэужьынымрэ хъыбарегъащIэ Iуэхухэмкlэ и комитетым и унафэщI Текуев Амурбий и псалъэм къыхигъэщащ художникым и зэфIэкIыр зэрыинри и лэжьыгъэхэм зэрыхэплъагъуэр, Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я дунейр, щIыуэпсым и дахагъэр абыхэм къызэрыщигъэлъэгъуар. Абы Мартазановым фIыщIэ хуищIащ, и лэжьыгъэхэр ди щIыналъэм къызэришам, сурэтыщI гъуазджэр фIыуэ зылъагъухэм апхуэдэ тыгъэ къазэрыхуищIам папщIэ.

КъБР-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Къаныкъуэ Жаннэ жиIащ зи илъэс 50-м ирихьэлIэу выставкэ 50 къызэзыгъэпэща Мартазанов Муса зы цIыху гъащIэм къриубыдэу апхуэдиз зэфIэкI зэриIэр зэригъэщIагъуэр икIи абы ехъуэхъуащ дяпэкIи емызэшу, дэрэжэгъуэрэ ехъулIэныгъэрэ иIэу гъащIэ узыншэ къигъэщIэну.

- Ди щIыналъэм исхэм си гуапэу сынывохъуэхъу мыпхуэдэ лэжьыгъэхэр зэрыщагъэлъагъуэмкIэ. Кавказым ис лъэпкъхэр дызэкъуэтмэ, дылъэщщ. Гъуазджэмкlэ, щэнхабзэмкIэ, нэгъуэщI унэтIыныгъэхэмкIэ диIэ зэфIэкIхэмкIэ дызэхъуэжэну Iэмал дызэриIэр фIыщ. Ди нэхъыжьыфIхэм къытхуагъэна хъугъуэфIыгъуэхэр художникхэм, композиторхэм, артистхэм я лэжьыгъэхэм щыдолъагъу. Лъэпкъхэм ди щэнхабзэ, хабзэ дахэхэр тхъумэну, ахэр щIэблэм я деж нэтхьэсыну ди къалэнщ. Муса, дяпэкIи ехъулIэныгъэ уиIэну ди гуапэщ! – жиIащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм щэнхабзэмкIэ, псэкупсэ хъугъуэфIыгъуэхэр хъумэнымрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и комиссэм и унафэщI, КъБР-м и Лъэпкъ музейм и унафэщI Накуэ Феликс.

КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI Жылэ Анатолэ жиIащ гъунэгъу щIыналъэм щыпсэу художникым и IэдакъэщIэкIхэр ди деж зэрыщагъэлъагъуэр зэригуапэр, абы и лъахэм хуиIэ лъагъуныгъэр и лэжьыгъэхэм зэрыщынэрылъагъур, ди зэпыщIэныгъэхэм адэкIи зрагъэубгъуну зэрыщыгугъыр.

Музейм и фондым и хъумакIуэ нэхъыщхьэ, УФ-м и цIыхубэ IэпщIэлъапщIэ Мокаев Владимир и псалъэм къыхигъэщащ Мартазанов Муса и лэжьыгъэхэр гъэщIэгъуэн зэрыщыхъуар, сурэтыщIым хьэл-щэн дахэр, жэуаплыныгъэ зэрыдилъагъур, жылагъуэ лэжьыгъэми жыджэру зэрыхэтыр.

Мартазановым жиIащ Налшык фIэфI дыдэу и лэжьыгъэхэр къызэришэр, лъэпкъхэм яку зэныбжьэгъугъэрэ зэпыщIэныгъэрэ дэлъын, зэкIэлъыкIуэн, къэкIуэнур зэдаухуэн, зым и хабзэхэмрэ щэнхабзэмрэ пщIэ хуащIын зэрыхуейр, сурэтыщIхэм цIыхухэр фIым, дахагъэм хуагъэушыныр, гъуазджэм и курыхыр зыхрагъэщIэныр я къалэн нэхъыщхьэу къызэрынэжыр, сурэт щIыным дихьэх балигъи, ныбжьыщIи, сабий сымаджэхэми зэрадэлажьэр, сурэт миным щIигъу зэрищIар, усэ 500-м нэблагъэ зэритхар. Мартазановым фIыщIэ яхуищIащ гуапэу къезыгъэблэгъахэм, выставкэм зыкърезыгъэхьэлIахэм, и лэжьыгъэхэм псалъэ гуапэ хужызыIахэм. Муса къыхигъэщащ илъэс 40, 45-рэ, 50 щрикъухэм ирихьэлIэу, хабзэ зэрыхъуауэ, апхуэдиз гъэлъэгъуэныгъэ къызэрызэригъэпэщыр. Абы и лэжьыгъэхэм ящыщ зы музейм тыгъэ къыхуищIащ.

*Мартазанов Муса теухуауэ:* Мартазанов Муса 1975 гъэм накъыгъэм и 9-м Ингуш Республикэм хыхьэ Карабулак къуажэм къыщалъхуащ. Экономист, психолог, сурэтыщI IэщIагъэхэр зригъэгъуэтащ. КъищынэмыщIауэ, усэ етх, ахэр щызэхуэхьэса тхылъитI къыдигъэкIащ. И лэжьыгъэхэр Москва, Иркутск къалэхэм, Краснодар крайм, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгэ, Шэшэн республикэхэм, нэгъуэщIхэми щагъэлъэгъуащ.

Выставкэр жэпуэгъуэм и 20 пщIондэ лэжьэнущ. Иужьрей махуэм музейм щекIуэкIынущ Мартазанов Муса и пшыхь. Ар къеджэнущ и усэхэм.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*



# КIэмпIарэ Марат къыпэлъэщын къахэкIакъым

**ФокIадэм и 27 - 29-хэм Новосибирск къалэм и «Сыбыр Аренэм» щекIуэкIащ алыдж-урым бэнэкIэмкIэ 4-нэ дунейпсо зэхьэзэхуэ. Ди гуапэ зэрыхъущи, Къэбэрдей-Балъкъэрым и бэнакIуэ КIэмпIарэ Марат дыщэ медаль абы къыщихьащ.**

КИЛОГРАММИ 130-рэ зи хьэлъагъхэм я деж щыбанэ тэрч щIалэм финалым къыщыпэщIэтащ Белоруссием и спортсмен Зарубский Дмитрий икIи, и Iэзагъкlэ ефIэкIыу, ар къыфIихьащ. КIэмпIарэм и тренерхэр КIыщ Муратрэ Щомахуэ Хьэжмуратрэщ.

КIэмпIарэ Марат нэмыщI, Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэу зэхьэзэхуэм бэнакIуэ 11 щыIати, КъайцIыкIу Ахьмэд ди командэм иджыри зы медаль къыхуихьащ. Килограмм 77-рэ зи хьэлъагъхэм я деж ар ещанэ щыхъуащ. ЩIалэм и тренерыр Гугъуэтыж Мухьэмэдщ.

Иджы екIуэкIа зэхьэзэхуэр Совет Союзым и ЛIыхъужь Аксенов Александр и фэеплъу щытащ икIи абы щызэпеуащ Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм ящыщу 30-м, Азербайджаным, Ермэлым, Белоруссием, Ираным, Италием, Къэзэхъстаным, Кубэм, Къыргъызым, Таджикистаным, Тыркум, Узбекистаным я бэнакIуэ 260-рэ.

Къэбгъэлъагъуэмэ, ди къэралым и командэм хэтащ УФ-м дунейпсо классымкIэ спортым и мастеру 21-рэ, спортым и мастеру 107-рэ.

**КЪУЭЖЕЙ Iэмин.**



# Адыгейм и артистхэри хэту

**Урысей ФСИН-м и Управленэу КъБР-м щыIэм щекIуэкIащ Хэкум и хъумакIуэм и илъэсым хуэгъэпса концерт. Абы кърагъэблэгъат «Хэкум и хъумакIуэхэр» фондым и къудамэу КъБР-м щыIэм и унафэщIым и къуэдзэ, дзэ Iуэху хэхам и ветеран Чеченов Эльдар.**

КОНЦЕРТЫР къызэIуихащ Урысейм и Лъэпкъ гвардием и дзэхэм я федеральнэ къулыкъум и 3723 дзэ частым и оркестрым. Крахмальный Павел и унафэм щIэту музыкантхэм ягъэзэщIащ уэрэд цIэрыIуэхэр: «Вечерний звон», «Эх, яблочко», «Калинка», «Широка страна моя родная», «Я русский», «Матушка-земля» нэгъуэщIхэри. Оркестрым и солистхэм уэрэд щхьэхуэхэр ягъэзэщIащ Хэкур зыхъумэу хэкIуэдахэм папщIэ.

АдэкIэ концертым пащащ Адыгейм къикIа хьэщIэхэм. Республикэм и цIыхубэ артист Арзуман Михаилрэ Адыгей Республикэм щIыхь зиIэ и артист Марков Викторрэ ягъэзэщIащ урысей, совет композиторхэм я IэдакъэщIэкI уэрэдхэр. Iэгуауэшхуэ хуаIэтащ «Флаг моей страны», «Кавказ», «Небо» жыхуиIэхэм.

КIэух махуэшхуэ уэрэдыр игъэзэщIащ колоние № 3-м и лэжьакIуэ Газаев Руслан.

Урысей ФСИН-м и Управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщI Демидов Александр концертым хэта псоми фIыщIэ яхуищIащ екIуу, псори къыдахьэхыу утыкур зэрагъэбжьыфIам папщIэ.

**БАХЪСЭН Аэзмэт.**



Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.289
Заказыр №2151

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А